ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
МӘМЛЕКЕТЛИК СТАТИСТИКА КОМИТЕТИ

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
СТАТИСТИКА БАСҚАРМАСЫ

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ СТАТИСТИКАЛЫҚ ХАБАРНАМАСЫ

2019 ЖЫЛ
ЯНВАРЬ-ДЕКАБРЬ

Нөкис-2020

# СӨЗ БАСЫ

Қарақалпақстан Республикасының статистикалық хабарнамасы – Қарақалпақстан Республикасының социал-экономикалық раўажланыўы, экономика тармақлары ҳәмде қала ҳәм районлар аўҳалын комплекс тәрийплеўши Қарақалпақстан Республикасы статистика басқармасының шереклик басылымы болып табылады. Статистикалық мағлыўматнамада 2019 жылдың январь-декабрь айлары жуўмақлары бойынша Қарақалпақстан Республикасының тийкарғы статистикалық көрсеткишлери сәўлелендирилген.

Бул баспада 2017 жылдың I шерегинен баслап, есабат дәўири ушын статистикалық көрсеткишлер Европа аўқамының Экономикалық хызмет түрлери статистикалық классификаторына (NACE Rev.2) тийкарланған Өзбекистан Республикасының экономикалық хызмет түрлери улыўмамәмлекетлик классификаторы (ЭХУК-2) бойынша қәлиплестирилген.

Соның менен бирге, бар болған экономикалық хызмет түрлеринен пайдаланыўда ЭХУК-2 талаплары қолланылған. Соннан, пайдаланылып атырған ямаса қайта исленип атырған өнимлерди олардың жаңа түрлерине қайта қәлиплестириўге жөнелтирилген барлық хызмет түрлери ислеп шығарыў процесслерине киритилген: таў-кән санааты ҳәм ашық кәнлерди ислеў, қайта ислеп шықарыў санааты, электр, газ, пуў менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў, суў тәмийнаты, канализация системасы, шығындыларды жыйнаў ҳәм утилизация қылыў, қурылыс (классификатордың B,C,D,E,F секциялары). Аўыл хожалығы өнимлери ислеп шығарыўын экономиканың тараўы сыпатында тәрийплеўдеги парықларды болдырмаў мақсетинде, жаңаланған классификаторда аўыл хожалығы тек ғана дийқаншылық ҳәм шарўашылық өнимлерин ислеп шығарыўды өз ишине алып ғана қалмастан, ал тоғай ҳәм балық хожалықлары өнимлерин ҳәм өз ишине алады (Секция А "Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы").

Сондай-ақ, халықаралық статистика әмелиятына муўапық, экономикалық трендлерди және де анығырақ анализ қылыў мақсетинде, Жалпы аймақлық өним дүзилисиндеги экономикалық хызмет түрлериниң үлес көрсеткишлери жалпы қосылған муғдарға салыстырылған ҳалда келтирилген (яғный, ЖАӨ көлеминен өнимлерге болған салықлар ҳәм субсидиялар шығарып тасланған).

Басылым 12 тематикалық бөлимлерден ибарат болып, ол тийкарғы макроэкономикалық индикаторларды, сондай ақ, жалпы аймақлық өнимди ислеп шығарыў, кәрханалар ҳәм шөлкемлер, соның ишинде киши исбилерменлик субъектлериниң экономикалық хызмети, инвестицион активлик, аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы, санаат, қурылыс, базар хызметлериниң раўажланыў динамикасы ҳаққындағы статистика мағлыўматларын өз ишине алады.

Хабарнамада санаат, курылыс, аўыл хожалығы, транспорт, ишки ҳәм сытқы саўда, көтере ҳәм усақлап сатыў, мийнет базары ҳәм демографиялық жағдай туўрысындағы аналитикалық мағлыўматлар кең түрде келтирилген.

## Қысқартпалар ҳәм шәртли белгилер

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| ЖАӨ | – | жалпы аймақлық өним | л. | – | литр |
| %. | – | процент | 0,0 | – | үлкен болмаған көлем |
| млрд. | – | миллиард | е. | – | Есе |
| млн. | – | миллион | – | – | көрсеткиштиң жоқ екенлиги |
| млн.АҚШ долл. | – | миллион АҚШ доллары | га. | – | гектар |
| кв. | – | квадрат | тн. | – | тонна |
| км. | – | километр | 1), 2), 3)...... | – | еслетпе бар екенлиги |
| м. | – | метр | | | |

**МАЗМУНЫ**


| Көрсеткишлер | бет. |
|---|---|
| **ТИЙКАРҒЫ ЭКОНОМИКАЛЫҚ КӨРСЕТКИШЛЕР** | 7 |
| **I. ЖАЛПЫ АЙМАҚЛЫҚ ӨНИМ ИСЛЕП ШЫҒАРЫЎ** | **8-12** |
| Республика жалпы аймақлық өниминиң экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы | 8-12 |
| **II. САНААТ** | **13-26** |
| Экономикалық хызмет түрлери бойынша санаат өнимлери ислеп шығарыў | 13-16 |
| Натура көринисинде санаат өнимлерин ислеп шығарыў | 17-18 |
| Технологик қурамы бойынша ислеп шығаратуғын санаат қурамы | 19-20 |
| Тутыныў товарлары ислеп шығарыў | 20-21 |
| Қала ҳам районлар бойынша санаат ислеп шығарыў көлемлери | 22-25 |
| Локализация дәстүри | 25-26 |
| **III. АЎЫЛ, ТОҒАЙ ХӘМ БАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫ** | **27-47** |
| Хожалықлар категориялары бойынша тийкарғы түрдеги дийқаншылық өнимлерин ислеп шығарыў | 27-28 |
| Дийқаншылық ҳәм шарўашылық өнимлери силеп шығарыў | 28-45 |
| Фермер хожалықлары ҳаққында | 45-47 |
| **IV. ИНВЕСТИЦИЯЛАР ХӘМ ҚУРЫЛЫС** | **48-64** |
| Қаржыландырыў дереклери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың бөлистирилиўи | 48-49 |
| Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың технологиялық қурамы | 49 |
| Экономикалық хызмет түрлери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар | 50-54 |
| Қала ҳәм районлар бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар | 55-57 |
| Социаллық тараў объектлерин қурыў | 58-60 |
| Қала ҳәм районлар бойынша қурылыс жумыслары | 61-64 |
| **V. КӘРХАНА ХӘМ ШӨЛКЕМЛЕРДИҢ ФИНАНСЛЫҚ НӘТИЙЖЕЛЕРИ** | **65-72** |
| Кәрхана ҳәм шөлкемлердиң финанслық нәтийжелери | 65-72 |
| **VI. КИШИ ИСБИЛЕРМЕНЛИК (БИЗНЕС)** | **73-78** |
| Киши бизнес ҳәм жеке исбилерменликтиң тийкарғы көрсеткишлери | 73-78 |

| Көрсеткишлер | бет. |
|---|---|
| **VII. КӘРХАНАЛАР ҲӘМ ШӨЛКЕМЛЕР ИСКЕРЛИГИНИҢ УЛЫЎМА ТӘРИЙПИ** | **79-102** |
| Экономикалық хызмет түрлери бойынша дизимге алынған ҳәм ҳәрекет етип турған кәрхана ҳәм шөлкемлер саны | 79-81 |
| Дизимге алынған коммерциялық кәрханалар-юридикалық тәреплердиң ҳуқуқый формалары | 82-93 |
| Шаңарақлық кәрханалар | 94-95 |
| Кәрхана ҳәм шөлкемлер саны | 95-102 |
| **VIII. СЫРТҚЫ ЭКОНОМИКАЛЫҚ БАЙЛАНЫСЛАР** | **103-104** |
| Республика сыртқы саўда айланбасында ҒМШ ҳәм басқа мәмлекетлердиң үлеси | 103-104 |
| Республика экспорт-импорты қурамы | 104-105 |
| Сыртқы саўда айланбасының континентлер бойынша қурамы | 105 |
| Республика сыртқы саўда айланбасында үлкен үлеске ийе болған мәмлекетлер менен товар айланбасы | 106 |
| Товарлар ҳәм хызметлер экспорты ҳәм импорты қурамы | 107 |
| **IX. ХЫЗМЕТЛЕР** | **108-110** |
| Экономикалық хызмет түрлери бойынша базар хызметлери ислеп шығарыў | 108-110 |
| **X. ТРАНСПОРТ** | **111-112** |
| Транспорт түрлери бойынша жолаўшы тасыў ҳәм жолаўшы айланбасы | 111-112 |
| **XI. УСАҚЛАП САТЫЎ ТОВАР АЙЛАНЫСЫ** | **113-117** |
| Усақлап сатыў товар айланбасының тийкарғы көрсеткишлери | 113-117 |
| **XII. ДЕМОГРАФИЯ ҲӘМ БӘНТЛИК** | **118-124** |
| Турақлы халық саны | 118 |
| Халықтың тәбийий ҳәрекети | 119-120 |
| Өлим себеплери бойынша өлгенлер саны | 121 |
| Дүзилген некелер ҳәм ажырасыўлар саны | 122 |
| Орташа айлық ис-ҳақы | 123 |

## Тийкарғы экономикалық көрсеткишлер январь-декабрь айларында

| | *млрд. сўм* | | *2018 жылға салыстырғанда % те* |
|---|---|---|---|
| | *2018 ж.* | *2019 ж.* | |
| **Жалпы аймақлық өним** | **15009,4** | **18735,7** | **106,8** |
| Санаат өнимлери | 10911,9 | 12729,7 | 105,0[1)] |
| Тутыныў товарлары | 2143,4 | 2234,9 | 104,3 |
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 6995,5 | 8108,4 | 106,6 |
| Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар | 6757,8 | 8434,6 | 96,6 |
| Қурылыс жумыслары | 2182,7 | 3202,8 | 123,8 |
| Жүк айланысы *(млн. тн-км)* | 583,0 | 628,7 | 107,8 |
| Жолаўшы айланысы *(млн.жолаўшы-км)* | 3748,3 | 3871,8 | 103,3 |
| Усақлап сатыў товар айланысы | 4496,8 | 5633,4 | 110,8 |
| Хызметлер, жәми | 4600,2 | 5584,6 | 112,0 |
| Сыртқы саўда айланысы *(млн. АҚШ долл.)* | 742,0 | 710,3 | 95,7 |
| Экспорт | 457,8 | 438,2 | 95,7 |
| Импорт | 284,2 | 272,1 | 95,7 |
| Сальдо (+;-) | 173,6 | 166,1 | x |

[1)]*Саноат ишлаб чиқариш индекси*

# I. ЖАЛПЫ АЙМАҚЛЫҚ ӨНИМ ИСЛЕП ШЫҒАРЫЎ

Дәслепки мағлыўматлар бойынша, 2019 жылдың январь-декабринде ислеп шығарылған жалпы аймақлық өнимниң (ЖАӨ) көлеми 18735,7 млрд. сўмды қурады ҳәм 2018 жылға салыстырғанда өсим пәти 106,8 процентке тең болды.

2019 жылдың январь-декабрь айларында ЖАӨ дефлятор индекси 116,9 процентти қурады.

**Январь-декабрь айларында Қарақалпақстан Республикасы жалпы аймақлық өниминиң экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы**

| | *млрд.сўм* | | *2018 жылға салыстырғанда, % те* |
|---|---|---|---|
| | *2018жыл* | *2019жыл* | |
| **I. Жалпы аймақлық өним, жәми** | **15009,4** | **18735,7** | **106,8** |
| *соннан:* | | | |
| Тараўлардың жалпы қосылған қуны | 13775,7 | 17005,9 | 106,8 |
| Өнимлерге болған салықлар | 1233,7 | 1729,8 | 106,8 |
| **II. Тараўлардың жалпы қосылған қуны** | **13775,7** | **17005,9** | **106,8** |
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 4005,9 | 4642,2 | 106,7 |
| Санаат (қурылысты қосқан ҳалда) | 5295,2 | 6701,5 | 108,4 |
| санаат | 4328,4 | 5277,9 | 105,0 |
| қурылыс | 966,8 | 1423,6 | 123,8 |
| Хызметлер | 4474,6 | 5662,2 | 104,9 |
| саўда, жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер | 755,7 | 876,7 | 102,8 |
| тасыў ҳәм сақлаў, мәлимлеме ҳәм байланыс хызметлери | 929,4 | 1021,4 | 104,5 |
| басқа хызметлер | 2789,5 | 3764,1 | 105,6 |

**Жалпы аймақлық өнимниң тараўлар бойынша қурамы**
**январь-декабрь жағдайына**
*(жәмине салыстырғанда % те)*







2019 жылдың январь-декабрь айларында Қарақалпақстан Республикасы экономикасының тийкарғы тараўларында гүзетилген өсим пәтлери ЖАӨ өсиўинде тийкарғы фактор болып хызмет етти. Атап айтқанда, аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығының өсим пәти – 106,7 % (ЖАӨ қурамындағы үлеси 27,3 %), санаат (қурылысты қосқан ҳалда) – 108,4 % (39,4 %) ҳәм хызметлер тараўы – 104,9 % (33,3 %).

**Январь-декабрь айларында Қарақалпақстан Республикасы жалпы аймақлық өниминиң экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы,**
*жәмине салыстырғанда % те*

| | *жәмине салыстырғанда % те* | | *өткен жылға салыстырғанда парқы, (+;-)* |
|---|---|---|---|
| | *2018 йил* | *2019 йил* | |
| **I. Жалпы аймақлық өним, жәми** | **100,0** | **100,0** | **х** |
| *соннан:* | | | |
| Тараўлардың жалпы қосылған қуны | 91,8 | 90,8 | -1 |
| Өнимлерге болған салықлар | 8,2 | 9,2 | 1 |
| **II. Тараўлардың жалпы қосылған қуны** | **100,0** | **100,0** | **х** |
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 29,1 | 27,3 | -1,8 |
| Санаат (қурылысты қосқан ҳалда) | 38,4 | 39,4 | 1 |
| санаат | 31,4 | 31,0 | -0,4 |
| қурылыс | 7,0 | 8,4 | 1,4 |
| Хызметлер | 32,5 | 33,3 | 0,8 |
| саўда, жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер | 5,5 | 5,2 | -0,3 |
| тасыў ҳәм сақлаў, мәлимлеме ҳәм байланыс хызметлери | 6,7 | 6,0 | -0,7 |
| басқа хызметлер | 20,3 | 22,1 | 1,8 |

**2019 жыл январь-декабрьде ЖАӨниң экономикалық хызмет түрлери бойынша өсим пәтлери**




Қарақалпақстан Республикасы экономикасының барлық тараўларында жаратылған жалпы қосылған қун (ЖҚҚ) көлеми улыўма ЖАӨниң 90,8 процентин, онимлерге болған салықлар болса, 9,2 процентин қурады.

*Есабат дәўиринде халықтың жан басына ислеп шығарылған жалпы аймақлық өним көлеми 9944,1 мың сўмды қурап, өткен жылдың тийисли дәўири (8086,9 мың сўм) не салыстырғанда 5,2 процентке асты.*

Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы ЖАӨниң тараўлар бойынша қурамындағы үлеси 1,8 процентли пунктке (ЖАӨ қурамындағы үлеси 27,3 %) кемейди. Санаат (қурылысты қосқан ҳалда) тараўының үлеси ЖАӨ қурамындағы үлеси 2019 жыл январь-декабрде 39,4 процентти қурады ҳәм 2018 жыл (38,4 %) менен салыстырғанда 1,0 процентли пунктке ҳәмде хызметлер тараўының ЖАӨ қурамындағы үлеси 33,3 процентти қурады ҳәм өткен жыл (32,5 %) менен салыстырғанда 0,8 процентли пунктке асты.

Саўда, жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлердиң ЖАӨ қурамындағы үлеси 5,2 процентти (2018 ж. – 5,5 %), тасыў ҳәм сақлаў, мәлимлеме ҳәм байланыс – 6,0 процентти (6,7 %), хызмет көрсетиўши басқа тараўлар – 22,1 процентти (20,3 %) қурады.

**Хызметлер тараўының жалпы қосылған қуны қурамы**
*(жәмине салыстырғанда % те):*



# II. САНААТ

2019 жылдың январь-декабрь айларында 12729,7 млрд. сўмлық санаат өнимлери ислеп шығарылған болып, санаат ислеп шығарыў индекси өткен жылдың тийисли дәўирине салыстырғанда 105,0 процентти қурады.

Жәми санаат өнимлери көлеминиң 77,8 проценти (9904,1 млрд. сўм, өткен жылға салыстырғанда санаат ислеп шығарыў индекси 105,8 %) ири кәрханалар тәрепинен ислеп шығарылды.

Статистикалық есап-китаплар бойынша усы жылдың январь-декабрь айларында киши кәрхана ҳәм микрофирмалар тәрепинен ислеп шығарылған санаат өнимлери көлеми 1784,7 млрд. сўм көлеминде (жәми санаат өнимлери көлеминиң 14,0 проценти) баҳаланды ҳәм бул көрсеткиш өткен жылға салыстырғанда 106,2 процентти қурады.

Сондай-ақ, жеке исбилерменлер ҳәм үй хожалықлары тәрепинен ислеп шығарылған санаат өнимлери көлеми 1040,9 млрд. сўм муғдарында (8,2 процент) есап-китап қылынды.

Өнимлер ислеп шығарыўдың ең үлкен көлеми ислеп шығарыўшы (қайта ислейтуғын) кәрханалар тәрепинен ислеп шығарылған болып, ислеп шығарыў көлеми 11061,2 млрд. сўмды, жәми санаат өнимлери ислеп шығарыўдығы үлеси 86,9 процентти қурады.

Сондай-ақ, есабат дәўиринде, жәми санаат өнимлери ислеп шығарыў көлеминде электр, газ, пар менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў хызмет түри бойынша 1090,9 млрд. сўм (жәми санаат өнимлери ислеп шығарыўдағы үлеси 8,5 %), таў-кән санааты ҳәм ашық кәнлерди ислеў хызмет түри бойынша 465,6 млрд. сўм (3,7 %) ҳәмде суў менен тәмийинлеў, канализация системасы, шығындыларды утилизация қылыў хызмет түри бойынша 112,0 млрд. сўм (0,9 %) өнимлер ислеп шығарылды.

Санаат ислеп шығарыўдың өсиўине электр, газ, пар менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў кәрханалары да үлес қосты, олардың жәми санаат өнимлери ислеп шығарыўдағы үлеси 8,5 % қурады.

**Январь-декабрь айларында санаат ислеп шығарыў көлеми ҳәм өсим пәти**



**2019 жылдың январь-декабрь айларында экономика хызмет түрлери бойынша санаат ислеп шығарыў қурамы**




**Январь-декабрь айларында экономикалық хызмет түрлери бойынша санаат өнимлерин ислеп шығарыў**

| | *млрд. сўм* | | *Физик көлем индекси %* | *Жәмине салыстырғанда үлеси, процентте* | |
|---|---|---|---|---|---|
| | *2018 ж.* | *2019 ж.* | | *2018 ж.* | *2019 ж.* |
| **Экономикалық хызметтиң айырықша түрлери бойынша санаат өнимлери ислеп шығарыў көлеми** | **10911,9** | **12729,7** | **105,0** | **100,0** | **100,0** |
| **Таў-кән санааты хәм ашық кәнлердислеў** | **356,7** | **465,6** | **96,4** | **3,3** | **3,7** |

*олардан:*

| | млрд. сўм | | Физик көлем индекси % | Жәмине салыстырғанда үлеси, процентте | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2018 ж. | 2019 ж. | | 2018 ж. | 2019 ж. |
| Нефть ҳәм тәбийий газди қазып алыў | 244,9 | 353,7 | 100,9 | 2,3 | 2,8 |
| Таў-кән санаатының басқа тараўлары ҳәм жабық усылда қазыўға техникалық жәрдем көрсетиў | 111,8 | 111,9 | - | 1,0 | 0,9 |
| **Қайта ислеў санааты** | **9838,8** | **11061,2** | **104,9** | **90,2** | **86,9** |
| *соннан:* | | | | | |
| Азық-аўқат өнимлери, ишимликлер ҳәм темеки өнимлери ислеп шығарыў | 1308,1 | 1730,5 | 110,9 | 12,0 | 13,6 |
| Тоқымашылық өнимлери, кийимлер, тери ҳәм оған тийисли өнимлер ислеп шығарыў | 882,5 | 1064,7 | 82,0 | 8,1 | 8,4 |
| Ағаш ҳәм қалқы буйымлары, пақал ҳәм тоқыўушын материаллардан жасалған буйымлар, қағаз ҳәм қағаз өнимлери, мебеллер ислеп шығарыў | 80,8 | 85,5 | 69,1 | 0,7 | 0,7 |
| Жазылған материалларды басып шығарыў ҳәм сәўлелендириў | 2,9 | 2,5 | 89,7 | 0,0 | 0,0 |
| Химиялық өнимлер, резина ҳәм пластмасса өнимлери ислеп шығарыў | 6836,2 | 7297,2 | 108,7 | 62,7 | 57,3 |
| Кокс ҳәмнефтти қайта ислеўши өнимлерди ислеп шығарыў | 2,7 | 5,3 | 94,6 | 0,0 | 0,0 |

| | *млрд. сўм* | | *Физик көлем индекси %* | *Жәмине салыстырғанда үлеси, процентте* | |
|---|---|---|---|---|---|
| | *2018 ж.* | *2019 ж.* | | *2018 ж.* | *2019 ж.* |
| Тийкарғы фармацевтика өнимлери ҳәм препаратлары ислеп шығарыў | 34,0 | 46,7 | 130,6 | 0,3 | 0,4 |
| Басқа металл емес минерал өнимлер ислепшығарыў | 413,3 | 563,3 | 126,5 | 3,8 | 4,4 |
| Металлургия санааты | 0,5 | 1,9 | 172,7 | 0,0 | 0,0 |
| Машина ҳәм үскенелер ден басқа, таяр металл буйымлар ислеп шығарыў | 13,2 | 26,5 | 174,0 | 0,1 | 0,2 |
| Компьютерлер, электрон ҳәм оптикалық өнимлер ислеп шығарыў | - | 174,1 | - | - | 1,4 |
| Электр үскенелер ислеп шығарыў | 258,2 | 55,9 | 21,5 | 2,4 | 0,4 |
| Басқа түрлерге киритилмеген машина ҳәм үскенелер ислеп шығарыў | 2,6 | 1,8 | 63,9 | 0,0 | 0,0 |
| Машина ҳәм үскенелерди онлаў ҳәм орнатыў | 2,6 | 2,5 | 82,2 | 0,0 | 0,0 |
| Басқа таяр буйымларды ислеп шығарыў | 1,2 | 2,8 | 237,9 | 0,0 | 0,0 |
| **Электр, газ, пар менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў** | **596,1** | **1090,9** | **119,8** | **5,5** | **8,5** |
| **Суў менен тәмийинлеў, канализация системасы, шығындыларды жыйнаў ҳәм утилизация қылыў** | **120,3** | **112,0** | **71,4** | **1,1** | **0,9** |

Таў-кән санааты ҳәм ашық кәнлерди ислеў кәрханалары тәрепинен 2019 жылдың январь-декабрь айларында ислеп шығарылған өнимлер көлеми 465,6 млрд. сўмды ямаса жәми ислеп шығарылған санаат өнимлери көлеминиң 3,7 процентин қурады.

Таў-кән санаатында ислеп шығарылған өнимлер түри бойынша ҳәк тас қазып алыў көлеми өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 16,2 процентке асқанлығын, газ конденсаты 5,3 процентке ҳәм тәбийий газ 1,4 процентке кемейгенлигин көриўимиз мүмкин.

### Экономикалық хызмет түрлери бойынша санаат өнимлерин ислеп шығарыў

*(улыўма көлемге салыстырғанда процент есабында)*

**2018 жыл январь-декабрь** **2019 жыл январь-декабрь**




### Экономикалық хызмет түрлери бойынша санаат өнимлери түрлерин ислеп шығарыў *(ири кәрханалар бойынша)*

| | *өлшем бирлиги* | *январь-декабрь айларында* | | *2018 жылға салыс-тырғанда % есабында* |
|---|---|---|---|---|
| | | *2018 ж.* | *2019 ж.* | |
| **Таў-кән санааты ҳәм ашық кәнлерди ислеў** | | | | |
| Тәбийий газ ислеп шығарыў | *млн.м. куб* | 5374,1 | 5296,8 | 98,6 |
| Ҳәк | *мың тн.* | 187,2 | 217,6 | 116,2 |
| Шебень | *мың тн.* | 408,7 | 336,3 | 82,3 |
| **Қайта ислеў санааты** | | | | |
| Алкоголь өнимлери | *мың л. 100% спирт* | 4313,8 | 4320 | 100,1 |
| Жумсақ бийдай ҳәм спельта уны | *мың тн.* | 79201,3 | 80554,3 | 101,7 |

| | *өлшем бирлиги* | *январь-декабрь айларында* | | *2018 жылға салыс-тырғанда % есабында* |
|---|---|---|---|---|
| | | *2018 ж.* | *2019 ж.* | |
| Макарон өнимлери ҳәм соған уқсас қамырдан таярланған өнимлер | *тн.* | 2955,6 | 981,1 | 33,2 |
| Биринши сортлы уннан таярланған бийдай наны, аўырлығы 600 г. (буханка) | *тн.* | 2559,4 | 2424,2 | 94,7 |
| Гүриш өнимлери | *тн.* | 6660,8 | 7474,5 | 112,2 |
| Тазаланған пахта майы ҳәм оның фракциялары (химиялық модификация қылынғанларынан басқа) | *тн* | 11095,8 | 10035,6 | 90,4 |
| Ири шақлы қара мал ушын таяр жем өнимлери | *мың тн.* | 39,0 | 41,5 | 106,4 |
| Пахта таласы | *мың тн.* | 51,5 | 40,1 | 77,9 |
| Пахта шигити | *мың тн.* | 80,1 | 62,0 | 77,4 |
| Пахта тивити (линт) | *тн.* | 4270,0 | 3405,0 | 79,7 |
| Тийкарғы органикалық емес химиялық онимлер (динатрий карбонаты) | *тн.* | 188,6 | 188,0 | 99,7 |
| Полиэтилен | *мың тн.* | 352,6 | 362,1 | 102,7 |
| Полипропилен | *мың тн.* | 93,2 | 95,5 | 102,5 |
| **Электр, газ, пар менен тәмийинлеў ҳәм хаўаны кондициялаў** | | | | |
| Ислеп шығарған электр энергиясы | *млн. кВт/с* | 3855,8 | 3538,1 | 91,8 |
| Пар ҳәм ыссы суў (ыссылық энергиясы) | *мың Гкал.* | 45,0 | 44,9 | 99,8 |

**Суў менен тәмийинлеў, канализация системасы, шығындыларды жыйнаў ҳәм утилизация қылыў**

| | *өлшем бирлиги* | *январь-декабрь айларында* | | *2018 жылға салыс-тырғанда % есабында* |
|---|---|---|---|---|
| | | *2018 ж.* | *2019 ж.* | |
| Суўға ислеў бериў ҳәм суў трубалары арқалы бөлистириў хызметлери | *млн. сўм* | 28457,7 | 38134,4 | 134,0 |
| Ақаба суўларды жоғалтыў, транспортировка қылыў ҳәм қайта ислеў хызмети | *млн. сўм* | 4419,7 | 5606,9 | 126,9 |

2019 жылдың январь-декабрь айларында ислеп шығаратуғын санаат кәрханалары тәрепинен ислеп шығарылған өнимлер көлеми 11061,2 млрд. сўмды яки жәми ислеп шығарылған санаат өнимлери көлеминиң 86,9 % қурады.

Ислеп шығаратуғын санаат қурамында жоқары технологиялы тармақтың үлеси 2,0 %, орта-жоқары технологиялы 65,9 %, орта-пәс технологиялы 6,0 % ҳәм пәс технологиялы 26,1 % қурады.

**2019 жылдың январь-декабрь айларында ислеп шығарыўдың технологик қурамы бойынша ислеп шығаратуғын санаат қурамы**



Өз нәўбетинде, ислеп шығаратуғын санаатта өткен жылдың тийисли дәўирине салыстырғанда тазаланған гүриш 12,2 процентке, ири шақлы қарамал ушын жем өнимлери 6,4 % ке, полиэтилен 2,7 % ке, жумсақ бийдай уны 1,7 % ке асқанлығын ҳәм пахта таласы 22,1 % ке, макарон өнимлери ислеп шығарыў өткен жылға салыстырғанда 66,8 % ке кемейгенлигин көриўимиз мүмкин.

Электр, газ, пар менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў кәрханалары тәрепинен ислеп шығарылған өнимлер көлеми 1090,9 млрд. сўмды (жәми ислеп шығарылған санаат өнимлери көлеминиң 8,5 %) қурады.

Суў менен тәмийинлеў, канализация системасы, шығындыларды утилизация ететуғын кәрханалары тәрепинен ислеп шығарылған өнимлери көлеми 112,0 млрд. сўмды (жәми ислеп шығарылған санаат өнимлер көлеминиң 0,9 %) қурайды.

Өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда қурамында қара металлар болған екилемши шийки зат 34,2 % ке кемейгенлигин ҳәм ақаба сўларды жоқ етиў, транспортировка қылыў ҳәм ислеў бериў бойынша хызметлердиң 26,9 % ке, суўды қайта ислеў ҳәм суў тармақлары бойынша бөлистириў хызметлериниң 34,0 % ке асқанлығын гүзетилди.

### *Тутыныў товарлары ислеп шығарыў*

2019 жылдың январь-декабрь айларында 2234,9 млрд. сўмлық тутыныў товарлары ислеп шығарылып, 2018 жылдың январь-декабрине салыстырғанда 104,3 процентти қурады. Атап айтқанда, 1171,5 млрд. сўмлық азық-аўқат өнимлери, 903,7 млрд. сўмлық азықлық емес өнимлер ҳәм 159,7 млрд. сўмлық вино-арақ өнимлери (2018 жыл январь-декабрьге салыстырғанда тийисли түрде 109,1%, 98,2% ҳәм 106,5%) ислеп шығарылды.

**Январь-декабрь айларында тутыныў товарлары ислеп шығарыў**

| | *млрд. сўм* | | *Жәми өнимдеги үлеси, процентте* | |
|---|---|---|---|---|
| | *2018 ж.* | *2019 ж.* | *2018 ж.* | *2019 ж.* |
| **Тутыныў товарлары ислеп шығарыў** | **2143,4** | **2234,9** | **100,0** | **100,0** |
| *соннан:* | | | | |
| азық-аўқат өнимлери | 1223,6 | 1331,2 | 57,1 | 59,6 |
| азықлық емес өнимлер | 919,8 | 903,7 | 42,9 | 40,4 |

**2019 жылдың январь-декабрь айларында тутыныў товарлары ислеп шығарыў көлеми ҳәм өсим пәтлери**




**Ири ҳәм киши бизнес субъектлери тәрепинен тутыныў товарлары ислеп шығарыў қурамы,** *жәмине салыстырғанда % есабында*



## Қала ҳәм районлар бойынша санаат ислеп шығарыў көлемлери

Республика санаат ислеп шығарыў көлеми қурамында ең көп үлеси Нөкис қаласы (жәми ислеп шығарыў көлеминиң 64,0 %), Тақыятас (8,5 %), Хожели (3,2 %), Әмиўдәрья (2,7 %) ҳәм Мойнақ (3,2 %) районларына туўры келеди.

Сондай-ақ, тутыныў товарлары көлеминиң ең үлкен бөлеги Нөкис қаласы (жәми тутыныў товарлары көлеминиң 33,0%), Хожели (9,1%), Төрткүл (9,2 %), Беруний (6,9 %), Тақыятас (6,4 %), ҳәм Шымбай (4,8 %) районларында ислеп шығарылды.

**Қала ҳәм районлар бойынша тутыныў товарлары ислеп шығарыў көлеми**
*(республика бойынша жәмине салыстырғанда % есабында)*



**2019 жылдың январь-декабрь айларында қала ҳәм районлар бойынша санаат өнимлери ислеп шығарыў көрсеткишлери**

| | *санаат өнимлери, млрд. сўм* | *жәмине салыстырғанда, %* | *аймақлық санаат өнимлери, млрд. сўм* | *жәмине салыстырғанда, %* |
|---|---|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **12729,7** | **100** | **2234,9** | **100,0** |
| Нөкис қ. | 8145,7 | 64,0 | 738,1 | 33,0 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 346,7 | 2,7 | 124,8 | 5,6 |
| Беруний | 252,0 | 2,0 | 155,0 | 6,9 |
| Қанлыкөл | 254,6 | 2,0 | 33,6 | 1,5 |
| Қараөзек | 234,5 | 1,8 | 48,7 | 2,2 |
| Кегейли | 289,0 | 2,3 | 101,6 | 4,5 |
| Қоңырат | 320,7 | 2,5 | 155,3 | 6,9 |
| Мойнақ | 398,0 | 3,1 | 20,3 | 0,9 |
| Нукус | 68,9 | 0,5 | 46,9 | 2,1 |
| Тақыятас | 1079,1 | 8,5 | 142,3 | 6,4 |
| Тахтакөпир | 53,1 | 0,4 | 24,7 | 1,1 |
| Төрткүл | 314,0 | 2,5 | 204,6 | 9,2 |
| Хожели | 410,4 | 3,2 | 203,7 | 9,1 |
| Шымбай | 250,4 | 2,0 | 107,3 | 4,8 |
| Шоманай | 58,1 | 0,5 | 39,6 | 1,8 |
| Елликқала | 254,5 | 2,0 | 88,4 | 4,0 |

## Халықтың жан басына санаат өнимлери ҳәм тутыныў товарлары ислеп шығарыў

| | *Ислеп шығарыў көлеми, халықтың жан басына, мың сўм* | |
|---|---|---|
| | *санаат өнимлери* | *тутыныў товарлары* |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **6756,4** | **1186,2** |
| Нөкис қ. | 25671,9 | 2326,2 |
| *районлар:* | | |
| Әмиўдәрья | 1758,1 | 632,9 |
| Беруний | 1329,8 | 817,9 |
| Қанлыкөл | 5031,6 | 664,0 |
| Қараөзек | 4458,2 | 925,9 |
| Кегейли | 4002,8 | 1407,2 |
| Қоңырат | 2484,1 | 1202,9 |
| Мойнақ | 12634,9 | 644,4 |
| Нукус | 1386,3 | 943,7 |
| Тақыятас | 14721,7 | 1941,3 |
| Тахтакөпир | 1327,5 | 617,5 |
| Төрткүл | 1479,0 | 963,7 |
| Хожели | 3366,7 | 1671,0 |
| Шымбай | 2239,7 | 959,7 |
| Шоманай | 1039,4 | 708,4 |
| Елликқала | 1614,8 | 560,9 |

**2019 жылдың январь-декабрь айларында халықтың жан басына туўры келетуғын санаат өнимлери ҳәм тутыныў товарлары ислеп шығарыў көлемлери,** *мың сўм*




**2019 жылдың январь-декабрь айларында таяр өнимлер, аўысық бөлеклер ҳәм материаллар ислеп шығарыўды локализациялаў**

Тармақлараралық санаат кооперациясын раўажландырыў, таяр өнимлер, аўысық бөлеклер ҳәм материаллар ислеп шығарыўды локализациялаў дәстүрин әмелге асырыў шеңберинде исбилерменлик субъектлери тәрепинен 2019 жылдың январь-декабрь айларында 4122,1 млрд. сўмлық өнимлер ислеп шығарылды.

Таяр өнимлер, аўысық бөлеклер ҳәм материаллар ислеп шығарыўды локализациялаў дәстүриниң әмелге асырылыўы республика санаат өнимлери ислеп шығарыўдың раўажланыўына өз тәсирин көрсетти, усы дәстүр шеңберинде 324,4 млн. АҚШ доллары муғдарында өнимлер экспорт қылынды.

## 2019 жылдың январь-декабрь айларында таяр өнимлер, қосымша бөлеклер ҳәм материаллар ислеп шығарыўды локализациялаў дәстүриниң тийкарғы көрсеткишлери

**Санаат өнимлери,** *млрд. сўм*




**Өнимлер экспорты,** *млн. АҚШ долл.*




2019 жылдың январь-декабрь айларында локализация дәстүри шеңберинде ислеп шығарылған өнимлердиң улыўма көлеминиң 99,1 % Нөкис қаласы (4086,6 млрд. сўм) кәрханаларына туўры келеди.

# III. АЎЫЛ ТОҒАЙ ҲӘМ БАЛЫҚ ХОЖАЛЫҒЫ

2019 жылдың январь-декабринде ислеп шығарылған (көрсетилген хызметлер) улыўма көлеми 8108,4 млрд. сўмды ямаса 2018 жылдың усы дәўирине салыстырғанда 106,6 % ти, соннан, дийқаншылық ҳәм шарўашылық, аўшылық ҳәм бул тараўларда көрсетилген хызметлер көлеми 7633,4 млрд. сўмды (106,5 %), тоғай хожалықларында 322,0 млрд. сўмды (103,0 %), балықшылық хожалықларында 153,0 млрд. сўмды (125,3 %) қурады.

**Аўыл хожалығы өнимлери ислеп шығарыў көлеминиң хожалықлар категориялары бойынша қурамы**
*(жәмине салыстырғанда % есабында)*



**Жыйын-терим.** 2019 жылдың январь-декабрь айларында барлық түрдеги хожалықлар тәрепинен 274,9 мың тонна масақлы дән егинлери ислеп шығарылды.

Буннан тысқары, барлық түрдеги хожалықларда 75,1 мың тонна картошка, (2018 жылға салыстырғанда 6,9 % ке көп), 272,5 мың тонна овощ (7,7 % ке көп), жыйнап алынды, 143,5 мың тонна палыз егинлери (6,8 % ке көп), 51,8 мың тонна мийўелер (4,8 % ке көп) ҳәм 8,9 мың тонна жүзим (18,6 % ке көп) жетистирилди.

**2019 жылдың январь-декабринде хожалықлар категориялары бойынша тийкарғы түрдеги дийқаншылық өнимлерин ислеп шығарыў**

| | Фермер хожалықлары | | Дийқан (халықтың қыйтақ жери) хожалықлары | | Аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы кәрханалар | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | *тонна* | *өсим пәти, % те* | *тонна* | *өсим пәти, % те* | *тонна* | *өсим пәти, % те* |
| Дән жәми | 201186,0 | 119,6 | 65549,0 | 91,9 | 8160,0 | 112,4 |
| Картошка | 22651,0 | 120,5 | 51740,0 | 101,9 | 732,0 | 98,8 |
| Овощ | 89346,0 | 121,0 | 179941,0 | 102,2 | 3238,0 | 102,1 |
| Палыз егинлери | 65277,0 | 113,6 | 76285,0 | 101,6 | 1927,0 | 106,1 |
| Мийўелер | 15016,0 | 109,9 | 30982,0 | 103,4 | 5776,0 | 100,2 |
| Жүзим | 1388,0 | 129,2 | 7143,0 | 117,9 | 400,0 | 100,0 |
| Пахта | 193841,0 | 125,3 | - | - | 817,0 | 117,9 |

**2019 жылдың январь-декабринде аймақлар бойынша тийкарғы түрдеги дийқаншылық өнимлерин ислеп шығарыў**



**Дән жәми** *(тонна)*





## **Картошка** *(тонна)*





## **Овощ** *(тонна)*


Әмиўдәрья
66 919,0
Төрткүл
30 525,0
Беруний
29 756,0
Елликқала
26 343,0
Шымбай
21 781,0
Нөкис
21 172,0
Қоңырат
13 558,0
Шоманай
13 251,0
Хожели
8 973,0
Кегейли
8 858,0
Қанлыкөл
6 976,0
Қараөзек
6 202,0
Нөкис қ.
5 030,0
Тахтакөпир
4 994,0
Тақыятас
4 778,0
Мойнақ
3 409,0
0
10000
20000
30000
40000
50000
60000
70000
80000



# Палыз *(тонна)*



Әмиўдәрья
22 978,0
Беруний
19 234,0
Шымбай
16 667,0
Төрткүл
12 434,0
Елликқала
11 898,0
Шоманай
9 533,0
Кегейли
8 458,0
Қараөзек
8 137,0
Нөкис
7 966,0
Қанлыкөл
6 360,0
Хожели
5 841,0
Қоңырат
4 899,0
Тахтакөпир
4 754,0
Тақыятас
2 357,0
Мойнақ
1 131,0
Нөкис қ.
842,0
0
5000
10000
15000
20000
25000



## **Мийўелер** *(тонна)*





## **Жүзим** *(тонна)*


Әмиўдәрья
1 942,0
Беруний
1 471,0
Төрткүл
952,0
Қоңырат
831,0
Елликқала
826,0
Тахтакөпир
535,0
Нөкис
441,0
Шымбай
414,0
Хожели
414,0
Кегейли
249,0
Тақыятас
219,0
Нөкис қ.
210,0
Қанлыкөл
158,0
Қараөзек
151,0
Шоманай
105,0
Мойнақ
13,0
0
500
1000
1500
2000
2500

**Шарўашылық.** 2020 жылдың 1 январь жағдайына өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда ири шақлы қара маллар 101,3 % ке (жәми 1109,6 мың басты қурады), соннан сыйырлар 101,3 % ке (321,0 мың бас), қой ҳәм ешкилер 104,2 % ке (1135,1 мың бас), атлар 102,8 % ке (24,5 мың бас), қуслар 105,0 % ке (4,5 млн. бас) көбейди.

Барлық аймақларда шарўашылық өнимлери (гөш, сүт, мәйек) ислеп шығарыўдың өсиўи тийкарынан дийқан ҳәм фермер хожалықлары есабынан болып, гөш ислеп шығарыўдың улыўма көлеминде олардың үлеси 99,5 % ти, сүт жетистириўде 99,3 % ти ҳәм мәйек жетистириўде 90,8 % ти қурады.

**2019 жыл 1 январь жағдайына шарўа маллары ҳәм қуслар бас саны**

| | *мың бас* | *өсим пәти, %* |
|---|---|---|
| **Ири шақлы қара мал** | **1 109,6** | **101,3** |
| *соннан:* | | |
| Фермер хожалықлары | 52,3 | 102,9 |
| Дийқан (халықтың қыйтақ жери) хожалықлары | 1 048,3 | 101,2 |
| Аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы кәрханалар | 9,0 | 103,8 |
| **олардан сыйырлар** | **321,0** | **101,3** |
| *соннан:* | | |
| Фермер хожалықлары | 18,1 | 108,3 |
| Дийқан (халықтың қыйтақ жери) хожалықлары | 300,0 | 100,8 |
| Аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы кәрханалар | 2,9 | 110,6 |
| **Қой ҳәм ешкилер** | **1 135,1** | **104,2** |
| *соннан:* | | |

| | *мың бас* | *өсим пәти, %* |
|---|---|---|
| Фермер хожалықлары | 122,0 | 108,8 |
| Дийқан (халықтың қыйтақ жери) хожалықлары | 996,6 | 103,5 |
| Аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы кәрханалар | 16,5 | 114,2 |
| **Атлар** | **24,5** | **102,8** |
| *соннан:* | | |
| Фермер хожалықлары | 4,9 | 112,0 |
| Дийқан (халықтың қыйтақ жери) хожалықлары | 19,2 | 100,5 |
| Аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы кәрханалар | 0,4 | 107,9 |
| **Қуслар** | **4 524,3** | **105,0** |
| *соннан:* | | |
| Фермер хожалықлары | 325,3 | 136,2 |
| Дийқан (халықтың қыйтақ жери) хожалықлары | 3 918,7 | 103,3 |
| Аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы кәрханалар | 280,3 | 100,0 |

Дийқан (жеке жәрдемши) хожалықларында ири шақлы қара маллардың үлеси 94,5 % ти, фермер хожалықларында болса 4,7 % ти, соннан сыйырлар тийисли түрде 93,5 ҳәм 5,6 % ти, қой ҳәм ешкилер 87,8 ҳәм 10,7 % ти, атлар 78,4 ҳәм 20,0 % ти, қуслар 86,6 ҳәм 7,2 % ти қурады.

**2020 жыл 1 январь жағдайына шарўа маллары ҳәм қуслар бас саны**



## Ири шақлы қарамаллар
*(мың бас)*





*соннан:* **сыйырлар**
*(мың бас)*





**Қой ҳәм ешкилер**
*(мың бас)*





**Қуслар**
*(мың бас)*



2019 жылдың январь-декабринде барлық категориядағы хожалықларда тири салмақ есабында 106,9 мың тонна гөш (2018 жылдың январь-декабрине салыстырғанда 1,7 % ке көп), 386,3 мың тонна сүт (2,2 % ке көп), 322,1 млн. дана мәйек (4,8 % ке көп) ислеп шығарылды.

**2019 жылдың январь-декабрь айларында ислеп шығарылған шарўашылық өнимлери**

| | *көлеми* | *өсим пәти, %* |
|---|---|---|
| **Гөш (тири салмақта),** ***мың тн.*** | **106,9** | **101,7** |
| *соннан:* | | |
| Фермер хожалықлары | 3,2 | 116,2 |
| Дийқан (халықтың қыйтақ жери) хожалықлары | 103,1 | 101,3 |
| Аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы кәрханалар | 0,6 | 97,8 |
| **Сүт,** ***мың тн.*** | **386,3** | **102,2** |
| *соннан:* | | |
| Фермер хожалықлары | 19,6 | 110,2 |
| Дийқан (халықтың қыйтақ жери) хожалықлары | 363,9 | 101,8 |
| Аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы кәрханалар | 2,8 | 99,4 |
| **Мәйек,** ***млн. дана*** | **322,1** | **104,8** |
| *соннан:* | | |
| Фермер хожалықлары | 23,3 | 124,0 |
| Дийқан (халықтың қыйтақ жери) хожалықлары | 269,2 | 102,0 |
| Аўыл хожалығы менен шуғылланыўшы кәрханалар | 29,6 | 120,7 |

## 2019 жылдың январь-декабринде аймақлар кесиминде тийкарғы түрдеги шарўашылық өнимлерин ислеп шығарыў



**Гөш, тири салмақта**
*(тонна)*





**Сүт** *(тонна)*


Әмиўдәрья 56 154,0
Елликқала 55 257,0
Төрткүл 52 536,0
Беруний 45 203,0
Хожели 27 922,0
Шымбай 25 762,0
Қоңырат 24 040,0
Кегейли 21 067,0
Қанлыкөл 13 813,0
Шоманай 13 146,0
Тақыятас 12 080,0
Қараөзек 11 289,0
Тахтакөпир 10 922,0
Нөкис 10 419,0
Мойнақ 4 975,0
Нөкис қ. 1 711,0
0
10000
20000
30000
40000
50000
60000



**Мәйек**
*(мың дана)*





**Аўланған балық**
*(тонна)*



**2019 жыл январь-декабрде шарўашылық өнимлери ислеп шығарыў қурамы**
*(жәми ислеп шығарыў көлемине салыстырғанда % есабында)*




**Фермер хожалықлары.** 2019 жылдың январь-декабринде фермер хожалықлары тәрепинен ислеп шығарылған аўыл хожалығы өнимлери көлеми 2345,3 млрд. сўмды қурады. Аўыл хожалығы өнимлери улыўма көлеминде фермер хожалықларының үлеси 31,0 процентти қурады.

2019 жылдың 1 январь жағдайына фермер хожалықларында 52,3 мың бас ири шақлы қара мал, соннан 18,1 мың бас сыйыр, 122,0 мың бас қой хәм ешкилер, 4894 бас ат, 325,3 мың бас қуслар бар.

**Январь-декабрь жағдайына фермер хожалықлары тәрепинен ислеп шығарылған тийкарғы түрдеги аўыл хожалығы өнимлери**

| | *январь-декабрь* | | | | *2018 жылға салыс-тырғанда % есабын-да* |
|---|---|---|---|---|---|
| | *2018 жыл* | | *2019 жыл* | | |
| | *тонна* | *улыўма ислеп шығарыў көлеминдеги үлеси, %* | *тонна* | *улыўма ислеп шығарыў көлеминдеги үлеси, %* | |
| Дән, жәми | 168263,0 | 68,2 | 201186,0 | 73,2 | 119,6 |
| Картошка | 18805,0 | 26,7 | 22651,0 | 30,2 | 120,5 |
| Овощ | 73851,0 | 29,2 | 89346,0 | 32,8 | 121,0 |
| Палыз егинлери | 57454,0 | 42,8 | 65277,0 | 45,5 | 113,6 |
| Мийўелер | 13662,0 | 27,7 | 15016,0 | 29,0 | 109,9 |
| Жүзим | 1074,0 | 14,3 | 1388,0 | 15,5 | 129,2 |
| Пахта | 154733,0 | 99,6 | 193841,0 | 99,6 | 125,3 |
| Гөш, *тири салмақта* | 2775,0 | 2,6 | 3224,0 | 3,0 | 116,2 |
| Сүт | 17798,0 | 4,7 | 19607,0 | 5,1 | 110,2 |
| Мәйек, *мың дана* | 18803,0 | 6,1 | 23310,0 | 7,2 | 124,0 |

# IV. ИНВЕСТИЦИЯЛАР ҲӘМ ҚУРЫЛЫС

2019 жыл январь-декабрьде республиканың тийкарғы капиталын көбейттириўге 8434,6 млрд. сўм көлеминде инвестициялар киритилип, өткен жылға салыстырғанда өсим пәти 96,6 процентти қурады, соннан сырт ел инвестициялары 3212,3 млрд. сўмды қурады.

**Қаржыландырыў дереклери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың қурамы**

| | *млрд.сўм* | *өсим пәти, %* | *жәмиге салыстыр-ғанда, % те* |
|---|---|---|---|
| **Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар** | **8434,6** | **96,6** | **100,0** |
| *соннан:* | | | |
| **Орайласқан инвестициялар:** | **2786,6** | **77,8** | **33,0** |
| бюджет қаржылары | 1172,2 | 139,6 | 13,9 |
| суў тәмийнаты системаларын раўажландырыў фонды | 60,2 | 2,7 е. | 0,7 |
| тиклениў ҳәм раўажланыў фонды қаржылары | 299,5 | 23,3 | 3,5 |
| ҳүкимет кепиллиги тийкарындағы шет ел кредитлери | 1254,7 | 89,0 | 14,9 |

| | *млрд.сўм* | *өсим пәти, %* | *жәмиге салыстырғанда, % те* |
|---|---|---|---|
| **Орайласпаған инвестициялар:** | **5648,0** | **109,7** | **67,0** |
| кәрханалардың өз қаржылары | 2359,5 | 98,1 | 28,0 |
| халықтың қаржылары | 848,7 | 108,4 | 10,1 |
| туўрыдан-туўры сырт ел инвестиция ҳәм кредитлери | 1957,6 | 2,8 е. | 23,2 |
| коммерциялық банк кредитлери ҳәм басқа қарыз дереклери | 482,2 | 38,4 | 5,7 |

**2019 жыл январь-декабрьге тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың технологиялық қурамы**

| | *жәми* | *мәмлекетлик* | *мәмлекетлик емес* |
|---|---|---|---|
| **Жәми, *млрд. сўм*** | **8434,6** | **1735,5** | **6699,1** |
| соннан: | | | |
| қурылыс-монтаж жумыслары | 4767,7 | 1542,1 | 3225,6 |
| машина, үскенелер, транспорт қураллары ислеп шығарыў ҳәм хожалық буйымлары | 3404,6 | 130,7 | 3273,9 |
| басқа қарежетлер | 262,3 | 62,7 | 199,6 |

Тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың технологиялық қурамының дүзилиси 2018 жылдың январь-декабрь айларына салыстырғанда қурылыс-монтаж жумысларының үлеси 8,3 процентли пунктке кемейген, машина, үскенелер, транспорт қураллары ислеп шығарыў ҳәм хожалық буйымлары баҳасының үлеси 3,8 процентли пунктке асқан ҳәм басқа қәрежетлердиң үлеси 12,1 процентли пунктке кемейгенлигин көрсетпекте.

2019 жылдың январь-декабрь айларында орайластырылған қаржыландырыў дереклерине 2786,6 млрд. сўм инвестиция қаржылары киритилип, бул көрсеткиш жәми инвестициялардың 33,0 % қурады, бул өткен жылдың январь-декабрь айларына салыстырғанда дерлик 77,8 % ке кемейген. Есабат дәўиринде орайластырылмаған қаржы дереклери есабынан 5648,0 млрд. сўм инвестициялар өзлестирилди (жәмине салыстырғанда үлеси 67,0 %) ҳәм өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 9,7 % ке көбейди.

Кәрханалар ҳәм шөлкемлердиң өз қаржылары есабынан 2359,5 млрд. сўм тийкарғы капиталға инвестициялар киритилди ямаса жәми инвестициялардың 28,0 % өзлестирилди. Халықтың қаржылары есабынан 848,7 млрд. сўм инвестициялар өзлестирилип, жәми инвестициялар көлеминиң 10,1 % қурады.

Есабат дәўиринде Өзбекстан Республикасы Ҳүкимети кепиллиги менен 1254,7 млрд. сўмлық шет ел кредитлери ажыратылды, бул 2018 жылдың тийисли дәўирине салыстырғанда 89,0 % ке кемейген ҳәм жәми инвестициялардың 14,9 % құрайды.

Соның менен бирге, банк кредитлери ҳәм басқа қарыз қаржылары есабынан 482,2 млрд. сўм қаржылар киритилди (тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың улыўма көлеминиң 5,7 %), бул өткен жылға салыстырғанда 38,4 процентли пунктке кемейди, туўрыдан-туўры ҳәм басқа шет ел инвестициялары ҳәм кредитлер есабынан 1957,6 млрд. сўм (улыўма көлемниң 23,2 %) өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 2,8 есеге асқан, тиклениў ҳәм раўажландырыў фонды есабынан 299,5 млрд. сўм (3,5 %), суў тәмийнаты системаларын раўажландырыў қоры есабынан 60,2 млрд. сўм (0,7 %) ҳәмде мәмлекет бюджети есабынан 1172,2 млрд. сўм ямаса тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың (13,9 %) өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 39,6 процентке асқан.

## Экономикалық хызмет түрлери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестиция ҳәм кредитлер

Есабат дәўиринде тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың тийкарғы бөлеги, яғный 1927,6 млрд. сўм таў-кән санааты ҳәм ашық кәнлерди ислеўге, 1480,0 млрд. сўм электр, газ, пар менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў хызмет түрине, 1159,9 млрд. сўм аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығына, ҳәмде 958,1 млрд. сўм үй-жай қурылысына туўры келди.

2019 жыл январь-декабрь айларында тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың 22,9 % (20,1 %) таў-кән санааты ҳәм ашық кәнлерди ислеў хызмет түрине, 17,5 % (өткен жылдың усы дәўирине 30,9 %) электр, газ, пар менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў хызмет түрине, 13,8 % (5,2 %) аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығына, ҳәмде 11,4 % (17,8 %) үй-жай қурылысына туўры келди.

**Экономикалық хызмет түрлери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестиция ҳәм кредитлер**

*(улыўма көлемге салыстырғанда % есабында)*



**2019 жылдың январь-декабрь айларында тийкарғы капиталға киритилген инвестициялардың қаржыландырыў дереклери бойынша қурамы**

- **Орайластырылған қаржыландырыў дереклери есабына**
  - Республика бюджети - 1172,2 млрд. сўм
  - Суў тәмийнаты системаларын раўажландырыў қоры- 60,2 млрд. сўм
  - Тиклениў ҳәм раўажланыў фонды – 299,5 млрд. сўм
  - Өзбекстан Республикасы кепиллиги тийкарындағы шет ел кредитлери – 1254,7 млрд. сўм
- **Орайластырылмаған қаржыландырыў дереклери есабына**
  - Кәрханалар, соннан жергиликли бюджет қаржылары – 2359,5 млрд. сўм
  - Коммерциялық банклер кредитлери ҳәм басқа да қарыз қаржылары – 482,2 млрд. сўм
  - Туўрыдан-туўры шет ел инвестициялары ҳәм кредитлери – 1957,6 млрд. сўм
  - Халықтың қаржы дереклери – 848,7 млрд. сўм

**Қаржыландырыў дереклери бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар,** *жәмине салыстырғанда % есабында*



**2019 жылдың январь-декабрь айларында қаржыландырыў дереклер бойынша тийкарғы капиталға киритилген инвестициялар**

| Қурылыс | 1 | 2,8 | 3 | 7,7 |
| Тасыў ҳәм сақлаў | 2 | 5,6 | 1 | 2,6 |
| Ден-саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер | 1 | 2,7 | 1 | 2,6 |
| Басқа түрлери | 1 | 2,7 | 1 | 2,5 |

**Киши кәрхана ҳәм микрофирмалар саны**

2020 жыл 1 январь жағдайына ҳәрекет етип турған киши кәрхана ҳәм микрофирмалардың саны 14677 ни қурады. Бул көрсеткиш өткен жылға салыстырғанда 22,5 % ке асқан. Ҳәрекет етип турған киши кәрхана ҳәм микрофирмалардың тийкарғы бөлеги, яғный 4805 бирлиги (32,7 %) Нөкис қаласы, 1599 кархана (10,9 %) Төрткүл, Беруний 1252 кәрхана (8,5 %) ҳәмде 1022 кәрхана (7,0 %) Әмиўдәрья районлары үлеслерине туўры келеди.

Экономикалық хызмет түрлери бойынша ҳәрекет етип турған жәми киши кәрхана ҳәм микрофирмалардың 4187 бирлиги (28,5 %) – саўда, 2294 бирлиги (15,6 %) – санаат, 2138 бирлиги (14,6 %) – қурылыс, 2025 бирлиги (13,8) аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы, 1135 бирлиги (7,7 %) – жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер тараўы, 827 бирлиги (5,6 %) – тасыў ҳәм сақлаў, 277 бирлиги (1,9 %) – мәлимлеме ҳәм байланыс тараўы, 263 бирлиги (1,8 %) – ден-саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер көрсетиў, сондай-ақ, 1531 бирлиги (10,5 %) – басқа хызмет түрлери үлеслерине туўры келеди.

Усыдан көринип турғанындай, ҳәрекет етип турған киши кәрхана ҳәм микрофирмалардың тийкарғы бөлеги саўда, санаат ҳәмде қурылыс тараўы хызмет түрлерине туўры келеди. Сондай-ақ, ең аз үлеси болса, ден-саўлықты сақлаў ҳәмде мәлимлеме ҳәм байланыс тараўы хызмет түрлерине туўры келеди.

**Ҳәрекет етип турған киши кәрхана ҳәм микрофирмалардың экономикалық хызмет түрлери бойынша үлеси,**
*(жәмине салыстырғанда процент есабында)*




2019 жылдың январь-декабрь айларында 3645 киши кәрхана ҳәм микрофирмалар жаңадан ашылған. Бул болса, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 2,0 есеге көбирек. Ең көп жаңадан ашылған киши кәрхана ҳәм микрофирмалар Нөкис қаласы (1058 кәрхана), Төрткүл (371), Әмиўдәрья ҳәм Беруний (251), Елликқала (215) ҳәм Қоңырат (230 кәрханадан) районлары үлеслерине туўры келеди. Ең аз муғдары Тахтакөпир (62) ҳәмде Қанлыкөл (93) районларына туўры келди.

Экономикалық хызмет түрлери бойынша ең көп саўда тараўында (1297 кәрхана), санаатта (741), қурылыста (536) ҳәм аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығында (358) жаңадан кәрханалар ашылған. Ең аз муғдары болса, мәлимлеме ҳәм байланыс тараўы (68) ҳәмде ден-саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлерде (54) жаңадан ашылған.

## Шаңарақлық кәрханалар саны

Юридикалық шахс сыпатында мәмлекетлик дизимнен өткен шаңарақлық кәрханалар саны – 2020 жылдың 1 январь жағдайына 1043 бирликти қурап, олардан 1013 бирлиги ямаса 97,2 % ҳәрекет етип турыпты. Бул көрсеткиш өткен жылдың усы даўирине салыстырғанда мәмлекетлик дизимнен өткенлердиң ҳәмде ҳәрекет етип турғанлардың улыўма саны орташа 53,2 % ке асқанлығын айтып өтиў тийис.

Ҳәрекет етип турған шаңарақлық кәрханалардың экономикалық хызмет түрлери бойынша қаралғанда олардың 24,8 проценти ямаса 251 бирлиги жасаў ҳәм аўқатланыў хызметлери, 28,0 проценти ямаса 284 бирлиги санаат, 27,8 проценти ямаса 282 бирлиги саўда, 5,9 проценти ямаса 60 бирлиги аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы, 2,2 проценти ямаса 22 бирлиги ден-саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер, 1,6 проценти ямаса 16 бирлиги мәлимлеме ҳәм байланыс, 1,0 проценти ямаса 10 бирлиги қурылыс, 0,5 проценти ямаса 5 бирлиги тасыў ҳәм сақлаў ҳәмде 8,2 проценти ямаса 83 бирлиги басқа хызмет түрлери үлесине туўры келеди.

**Ҳәрекеттеги ҳәмде жаңадан ашылған шаңарақлық кәрханалар саны,** *бирликте*



**Ҳәрекет етип турған шаңарақлық кәрханалардың экономикалық хызмет түрлери бойынша үлеси,**

*(жәмине салыстырғанда процент есабында)*




Экономикалық хызмет түрлери бойынша қарайтуғын болсақ, ең көп саўда ҳәмде санаатта, ең аз муғдары болса, қурылыс, тасыў ҳәм сақлаў хызмет түрлерине туўры келеди.

## Сапластырылған кәрхана ҳәм шөлкемлер

2019 жылдың январь-декабрь айларында жәми 1056 кәрхана ҳәм шөлкемлер сапластырылған.

Сапластырылған 1056 кәрханаларды экономикалық хызмет түрлери бойынша алып қарайтуғын болсақ, 265 бирлиги (25,0 %) саўда, 154 бирлиги (14,6 %) аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы, 138 бирлиги (13,1 %) қурылыс, 132 бирлиги (12,5 %) санаат, 62 бирлиги (5,9 %) тасыў ҳәм сақлаўда, 54 бирлиги (5,1 %) жасаў ҳәм аўқатланыў бойынша хызметлер, 34 бирлиги (3,2 %) мәлимлеме ҳәм байланыста, 6 бирлиги (0,6 %) ден-саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер ҳәмде 211 бирлиги (20,0 %) басқа хызмет түрлери үлеслерине туўры келеди. Соннан көринип турғанындай, сапластырылған кәрханалардың тийкарғы бөлеги саўда ҳәм аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы хызмет түрлерине туўры келеди. Сондай ақ, ең аз үлеси болса, мәлимлеме ҳәм байланыс ҳәмде ден-саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер түрлерине туўры келеди.

**2020 жылдың 1 январь жағдайына сапластырылған кәрханалар ҳәм шөлкемлердиң экономикалық хызмет түрлери бойынша бөлистирилиўи**
*(фермер ҳәм дийқан хожалықларысыз, бирлик)*

| | *2018 жыл* | | *2019 жыл* | | *Парқы, (+;-)* |
|---|---|---|---|---|---|
| | *сони* | *жәмине салыстырғандан, %* | *сони* | *жәмине салыстырғандан, %* | |
| **Республика бойынша** | **996** | **100,0** | **1056** | **100,0** | **-60** |
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 133 | 13,4 | 154 | 14,6 | -21 |
| Санаат | 107 | 10,7 | 132 | 12,5 | -25 |
| Қурылыс | 120 | 12,1 | 138 | 13,1 | -18 |
| Саўда | 243 | 24,4 | 265 | 25,0 | -22 |
| Тасыў ҳәм сақлаў | 89 | 8,9 | 62 | 5,9 | -27 |
| Жасаў ҳәм аўқатланыў | 77 | 7,7 | 54 | 5,1 | -23 |
| Мәлимлеме ҳәм байланыс | 36 | 3,6 | 34 | 3,2 | -2 |
| Ден-саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер | 32 | 3,2 | 6 | 0,6 | -26 |
| Басқа түрлери | 159 | 16,0 | 211 | 20,0 | -52 |

2019 жылдың январь-декабрь айларында 959 киши исбилерменлик субъектлери сапластырылған. Олардың тийкарғы бөлеги 264 бирлиги (27,5 %) саўда, 151 бирлиги (15,7 %) аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы, 137 бирлиги (14,3 %) қурылыста, 130 бирлиги (13,6 %) санаат, 62 бирлиги (6,5 %) тасыў ҳәм сақлаўда, 54 бирлиги (5,6 %) жасаў ҳәм аўкатланыў, 34 бирлиги (3,5 %) мәлимлеме ҳәм байланыс, 4 бирлиги (0,4 %) ден-саўлықты сақлаў ҳәм социаллық хызметлер ҳәмде 123 бирлиги (12,9 %) басқа хызмет түрлери үлесине туўры келген.

**Кәрхана ҳәм шөлкемлер саны**

*(фермер ҳәм дийкан хожалықларысыз, бирлик)*

| | 2020 жылдың 1 январь жағдайына дизимнен өткен | 2019 жыл январь-декабрь | |
|---|---|---|---|
| | | жаңадан ашылды | сапластырылды |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **18834** | **3858** | **1056** |
| Нөкис қ. | 5769 | 1122 | 426 |
| *районлар:* | | | |
| Әмиўдәрья | 1388 | 260 | 47 |
| Беруний | 1580 | 279 | 32 |
| Қанлыкөл | 495 | 96 | 15 |
| Қараөзек | 565 | 113 | 20 |
| Кегейли | 575 | 123 | 17 |
| Қоңырат | 1024 | 247 | 125 |
| Мойнақ | 421 | 155 | 23 |
| Нөкис | 831 | 165 | 31 |
| Тақыятас | 581 | 136 | 24 |
| Тахтакөпир | 347 | 65 | 20 |
| Төрткүл | 1955 | 389 | 46 |
| Хожели | 905 | 193 | 84 |
| Шымбай | 721 | 155 | 38 |
| Шоманай | 471 | 108 | 33 |
| Елликқала | 1168 | 229 | 75 |

**Дизимге алынған юридикалық тәреплердиң шөлкемлестириўшилик ҳуқықый түрлери бойынша бөлиниўи**

*(2020 жылдың 1 январь жағдайына, фермер ҳәм дийхан хожалықларсыз)*

| | *Жәми, бирлик* | *Улыўма санына салыстырғанда процент есабында* | | Комерциялық *кәрханалары санында жеке кәрханалардың үлеси,%* |
|---|---|---|---|---|
| | | комерциялық емес | комерциялық | |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **18834** | **19,7** | **80,3** | **21,3** |
| Нөкис қ. | 5769 | 15,5 | 84,5 | 14,2 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 1388 | 21,9 | 78,1 | 12,9 |
| Беруний | 1580 | 18,8 | 81,2 | 32,0 |
| Қанлыкөл | 495 | 26,7 | 73,3 | 34,2 |
| Қараөзек | 565 | 23,2 | 76,8 | 13,1 |
| Кегейли | 603 | 29,2 | 70,8 | 16,9 |
| Қоңырат | 1024 | 24,3 | 75,7 | 33,3 |
| Мойнақ | 421 | 22,3 | 77,7 | 15,3 |
| Нөкис | 831 | 17,6 | 82,4 | 10,9 |
| Тақыятас | 581 | 21,7 | 78,3 | 33,4 |
| Тахтакөпир | 347 | 33,1 | 66,9 | 27,2 |
| Төрткүл | 1955 | 13,3 | 86,7 | 19,1 |
| Хожели | 905 | 20,8 | 79,2 | 22,3 |
| Шымбай | 721 | 28,2 | 71,8 | 21,0 |
| Шоманай | 471 | 27,0 | 73,0 | 49,4 |
| Елликқала | 1168 | 21,7 | 78,3 | 40,2 |

**2020 жылдың 1 январь жағдайына шөлкемлестириўшилик ҳуқуқый түрлери бойынша дизимнен өткен комерциялық кәрханалардың улыўма саны**

*( фермер ҳәм дийхан хожалықларсыз)*

| | Жәми дизимге алынған | соннан: | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Жуўапкершилиги шекленген жәмийетлер | Шаңарақлық кәрханалар | Жеке-меншик кәрханалар | Унитар кәрханалар | Акционерлик жәмийетлери | Басқалар |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **15131** | **10559** | **1043** | **3221** | **125** | **27** | **156** |
| Нөкис қ. | 4877 | 3913 | 192 | 690 | 38 | 11 | 33 |
| *районлар:* | | | | | | | |
| Әмиўдәрья | 1084 | 698 | 234 | 140 | 4 | 1 | 7 |
| Беруний | 1283 | 774 | 69 | 410 | 5 | 2 | 23 |
| Қанлыкөл | 363 | 189 | 42 | 124 | 3 | 2 | 3 |
| Қараөзек | 434 | 358 | 7 | 57 | 5 | - | 7 |
| Кегейли | 427 | 320 | 14 | 71 | 4 | 1 | 17 |
| Қоңырат | 775 | 447 | 46 | 258 | 16 | 1 | 7 |
| Мойнақ | 327 | 258 | 11 | 50 | 3 | - | 5 |
| Нөкис | 685 | 557 | 42 | 75 | 4 | - | 7 |
| Тақыятас | 455 | 238 | 50 | 152 | 10 | 3 | 2 |
| Тахтакөпир | 232 | 131 | 22 | 63 | 6 | - | 10 |
| Төрткүл | 1695 | 1210 | 139 | 324 | 8 | 2 | 12 |
| Хожели | 717 | 480 | 68 | 160 | 6 | 2 | 1 |
| Шымбай | 518 | 383 | 11 | 109 | 5 | 1 | 9 |
| Шоманай | 344 | 162 | 9 | 170 | 2 | - | 1 |
| Елликқала | 915 | 441 | 87 | 368 | 6 | 1 | 12 |

**Киши кәрхана ҳәм микрофирмалар (бизнес) саны**

*(фермер ҳәм дийхан хожалықларсыз, бирлик)*

| | *1 январь жағдайына дизимнен өткен* | | *201 9жыл январь-декабрьде* | | *Парқы (+;-)* |
|---|---|---|---|---|---|
| | *2019 ж.* | *2020 ж.* | *шөлкемлес-тирилди* | *сапласты-рылды* | |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **13627** | **15050** | **3645** | **959** | **1463** |
| Нөкис қ. | 4021 | 4846 | 1058 | 392 | 825 |
| *районлар:* | | | | | |
| Әмиўдәрья | 1250 | 1077 | 251 | 43 | -173 |
| Беруний | 1033 | 1280 | 251 | 29 | 247 |
| Қанлыкөл | 399 | 362 | 93 | 12 | -37 |
| Қараөзек | 306 | 434 | 109 | 18 | 128 |
| Кегейли | 320 | 424 | 119 | 14 | 104 |
| Қоңырат | 658 | 769 | 230 | 120 | 111 |
| Мойнақ | 147 | 327 | 150 | 18 | 180 |
| Нөкис | 498 | 684 | 159 | 28 | 186 |
| Тақыятас | 286 | 449 | 130 | 19 | 163 |
| Тахтакөпир | 175 | 228 | 62 | 11 | 53 |
| Төрткүл | 2120 | 1687 | 371 | 43 | -433 |
| Хожели | 592 | 712 | 190 | 78 | 120 |
| Шымбай | 496 | 514 | 146 | 35 | 18 |
| Шоманай | 244 | 344 | 105 | 30 | 100 |
| Елликқала | 1082 | 913 | 215 | 69 | -169 |

**Шет ел инвестициясы киритилген кәрханалар саны**
*(2020 жылдың 1 январь жағдайына, бирлик)*

| | *Жәми дизимге алынған* | *соннан: хызмет көрсетип атырғанлар* | *Хызмет көрсетип атырғанлар жәмине салыстырғанда, процент есабында* |
|---|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **156** | **155** | **99,4** |
| Нөкис қ. | 34 | 34 | 100,0 |
| *районлар:* | | | |
| Әмиўдәрья | 6 | 6 | 100,0 |
| Беруний | 11 | 11 | 100,0 |
| Қанлыкөл | 6 | 6 | 100,0 |
| Қараөзек | 11 | 11 | 100,0 |
| Кегейли | 10 | 9 | 90,0 |
| Қоңырат | 6 | 6 | 100,0 |
| Мойнақ | 24 | 24 | 100,0 |
| Нөкис | 9 | 9 | 100,0 |
| Тақыятас | 11 | 11 | 100,0 |
| Тахтакөпир | 5 | 5 | 100,0 |
| Төрткүл | 4 | 4 | 100,0 |
| Хожели | 4 | 4 | 100,0 |
| Шымбай | 5 | 5 | 100,0 |
| Шоманай | 5 | 5 | 100,0 |
| Елликқала | 5 | 5 | 100,0 |

2020 жылдың 1 январь жағдайына республика бойынша 156 шет ел инвестициялары киритилген кәрханалар дизимге алынған болып, дизимге алынған кәрханалардың 155 бирлиги яғный 99,4 проценти ҳәрекет етпекте.

**Шет ел инвестициясы киритилген кәрханалар саны** *(бирлик)*

| | *Дизимге алынғанлар* | *2019 жыл январь-декабрьде* | |
|---|---|---|---|
| | | *шөлкемлестирилген*[1)] | *тоқтатылған* |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **155** | **39** | **2** |
| Нөкис қ. | 34 | 13 | 1 |
| *районлар:* | | | - |
| Әмиўдәрья | 6 | 1 | - |
| Беруний | 11 | 5 | - |
| Қанлыкөл | 6 | 1 | - |
| Қараөзек | 11 | 4 | - |
| Кегейли | 9 | - | - |
| Қоңырат | 6 | - | - |
| Мойнақ | 24 | 6 | - |
| Нөкис | 9 | 1 | - |
| Тақыятас | 11 | 2 | - |
| Тахтакөпир | 5 | - | - |
| Төрткүл | 4 | 3 | - |
| Хожели | 4 | - | - |
| Шымбай | 5 | - | 1 |
| Шоманай | 5 | 1 | - |
| Елликқала | 5 | 1 | - |

[1)] *қайта шөлкемлестирилгенлери менен бирге*

# VIII. СЫРТҚЫ ЭКОНОМИКАЛЫҚ БАЙЛАНЫСЛАР

2019 жылдың январь-декабринде сыртқы саўда айланысы 710,3 млн. АҚШ долларын, соннан 438,2 млн. АҚШ долларын – экспорт операциялары, 272,1 млн. АҚШ долларын – импорт операциялары қурады.

Сыртқы саўда айланысының сальдосы 166,1 млн. АҚШ долларын қурады.

**2019 жылдың январь-декабринде ҒМШ ҳәм басқа мәмлекетлер кесиминде республиканың сыртқы саўда айланбасы** *(млн. АҚШ доллары)*

| | *январь-декабрь* | | *2018жыл январь-декабрьге салыстырғанда процент есабында* |
|---|---|---|---|
| | *2018ж.* | *2019ж.* | |
| **Сыртқы саўда айланбасы** | **742,0** | **710,3** | **95,7** |
| *соннан:* | | | |
| ҒМШ мәмлекетлери | 294,3 | 274,1 | 93,1 |
| басқа мәмлекетлер | 447,7 | 436,2 | 97,4 |
| | | | |
| **Экспорт** | **457,8** | **438,2** | **95,7** |
| *соннан:* | | | |
| ҒМШ мәмлекетлери | 203,6 | 214,4 | 105,3 |
| басқа мәмлекетлер | 254,2 | 223,8 | 88,0 |
| | | | |
| **Импорт** | **284,2** | **272,1** | **95,7** |
| *соннан:* | | | |
| ҒМШ мәмлекетлери | 90,6 | 59,7 | 65,8 |
| басқа мәмлекетлер | 193,6 | 212,4 | 109,7 |

**2019 жыл январь-декабрьде республика сыртқы саўда айланбасында ҒМШ ҳәм басқа мәмлекетлердиң үлеси**

*(улыўма көлемге салыстырғанда процент есабында)*




**Январь-декабрь айларында Қарақалпақстан Республикасы экспорт-импорты қурамы**

| | *Экспорт ҳәм импорт операциялары көлеми ҳәм үлеси* | | | | *2018 жылға салыстырғанда % есабында* |
|---|---|---|---|---|---|
| | *2018 жыл* | | *2019 жыл* | | |
| | *млн. АҚШ долл.* | *үлеси, %* | *млн. АҚШ долл.* | *үлеси, %* | |
| **Экспорт қурамы** | **457,8** | **100** | **438,2** | **100** | **95,7** |
| пахта таласы | - | - | 6,4 | 1,5 | - |
| азық-аўқат өнимлери | 30,7 | 6,7 | 40,7 | 9,3 | 132,2 |
| химиялық өнимлер ҳәм оннан таярланған буйымлар | 401,1 | 87,6 | 337,3 | 77,0 | 84,1 |
| энергия дереклери ҳәм нефть өнимлери | 9,3 | 2,0 | 2,8 | 0,6 | 30,6 |
| машина ҳәм үскенелер | 0,1 | - | 4,3 | 1,0 | 34,8 е. |
| хызметлер | 2,6 | 0,6 | 2,6 | 0,6 | 99,6 |
| басқалар | 13,9 | 3,1 | 44,1 | 10,0 | 3,2 е. |

| | Экспорт ҳәм импорт операциялары көлеми ҳәм үлеси | | | | 2018 жылға салыстырғанда % есабында |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2018 жыл | | 2019 жыл | | |
| | млн. АҚШ долл. | үлеси, % | млн. АҚШ долл. | үлеси, % | |
| **Импорт қурамы** | **284,2** | **100** | **272,1** | **100** | **95,7** |
| азық-аўқат өнимлери | 11,5 | 4,1 | 15,9 | 5,8 | 137,6 |
| химиялық өнимлер ҳәм оннан таярланған буйымлар | 40,6 | 14,3 | 32,4 | 11,9 | 79,8 |
| энергия дереклери ҳәм нефть өнимлери | 7,1 | 2,5 | 9,9 | 3,7 | 140,4 |
| қара ҳәм реңли металлар | 6,0 | 2,1 | 2,6 | 0,9 | 44,3 |
| машина ҳәмүскенелер | 144,4 | 50,8 | 150,9 | 55,5 | 104,5 |
| хызметлер | 14,5 | 5,1 | 10,4 | 3,8 | 71,8 |
| басқалар | 60,2 | 21,1 | 50,0 | 18,4 | 83,0 |

**Сыртқы саўда айланбасының континентлер бойынша қурамы**
*(улыўма көлемге салыстырғанда процент есабында)*



**2019 жылдың январь-декабрь айларында республика сыртқы саўда айланбасында үлкен үлеске ийе болған мәмлекетлер менен товар айланысы**

| | *Сыртқы саўда айланысы, млн. АҚШ долл.* | *Республика товар айланы-сындағы үлеси,%* | *соннан:* | | *2018жыл январь-сентябрьге салыстыр-ғанда, % те* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | *экспортта* | *импортта* | |
| Қытай Халық Республикасы | 181,2 | 25,5 | 110,6 | 70,6 | 109,2 |
| Россия Федерациясы | 179,6 | 25,3 | 143,5 | 36,1 | 94,0 |
| Туркия | 80,5 | 11,3 | 60,4 | 20,1 | 70,1 |
| Қазақстан | 75,0 | 10,6 | 60,6 | 14,4 | 107,7 |
| Қубла Корея | 64,4 | 9,1 | 18,2 | 46,2 | 133,8 |
| Латвия | 30,2 | 4,2 | 21,1 | 9,1 | 74,4 |
| Вьетнам | 15,0 | 2,1 | 0,1 | 14,9 | 179,4 |
| Уллы Британия | 8,2 | 1,2 | 0,0 | 8,2 | 3,4 е. |
| Иран | 6,0 | 0,8 | 0,2 | 5,8 | 150,1 |
| Украина | 5,4 | 0,8 | 2,2 | 3,2 | 24,6 |
| Қырғызыстан | 4,9 | 0,7 | 3,1 | 1,7 | 101,2 |
| Германия | 4,6 | 0,6 | 0,9 | 3,7 | 37,1 |
| БАА | 4,1 | 0,6 | 1,5 | 2,6 | 93,0 |

Республика сыртқы саўда айланбасында ең үлкен үлести Қытай Халық Республикасы ийелеген болып, усы жыл январь-декабрь айларында 181,2 млн. АҚШ доллары муғдарында сыртқы саўда операциялары, соннан 110,6 млн. АҚШ долларлық экспорт операциялары ҳәмде 70,6 млн. АҚШ доллары муғдарында импорт операциялары әмелге асырылған, сондай-ақ, 2019 жыл январь-декабрь айларында республика сыртқы саўда айланысында Россия Федерациясы, Туркия, Қазақстан ҳәм Қубла Корея мәмлекетлериниң үлеси көп болып келмекте.

**Товар ҳәм хызметлер экспорты қурамы,** *жәмине салыстырғанда процентте*




**Товар ҳәм хызметлер импорты қурамы,** *жәмине салыстырғанда процентти*



# IX. ХЫЗМЕТЛЕР

2019 жыл январь-декабрьде базар хызметлери ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша көлеми 5584,6 млрд. сўмды қурады, соннан аўыллық жерлеринде 1511,9 млрд. сўм ямаса улыўма көрсетилген хызметлер көлеминиң 27,1 процентин қурады. 2018 жыл январь-декабрьге салыстырғанда өсим пәти 112,0 процентти қурады.

**Январь-декабрь айларында базар хызметлери ислеп шығарыўдың экономикалық хызмет түрлери бойынша қурамы**

| | *ҳәрекеттеги кәрханалар саны* | *млрд. сўм* | | *өсим пәти, %* | *үлеси, %* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *2019 ж.* | *2018 ж.* | | |
| **Жәми хызметлер** | **6134** | **5584,6** | **4600,2** | **112,0** | **100** |
| *соннан:хызмет түрлери бойынша:* | | | | | |
| байланыс ҳәм мәлимлеме хызмети | 94 | 345,1 | 344,6 | 109,9 | 6,2 |
| финанслық хызметлер | 94 | 1003,9 | 606,7 | 163,3 | 18,0 |
| транспорт хызмети | 1930 | 1450,0 | 1292,8 | 103,2 | 26,0 |
| *соннан:* автотранспорт хызметлери | 1413 | 804,0 | 713,1 | 101,1 | 14,4 |
| жасаў ҳәм аўқатланыў хызметлери | 647 | 166,4 | 137,3 | 104,1 | 3,0 |
| саўда хызметлери | 1491 | 1303,8 | 1127,0 | 102,8 | 23,3 |
| көшпес мүлик пенен байланыслы болған хызметлер | 257 | 185 | 158,2 | 102,5 | 3,3 |

| | *ҳәрекеттеги кәрханалар саны* | *млрд. сўм* | | *өсим пәти, %* | *үлеси, %* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *2019 ж.* | *2018 ж.* | | |
| билимлендириў тараўындағы хызметлер | 452 | 286,3 | 224,2 | 108,7 | 5,1 |
| ден-саўлықты сақлаў тараўындағы хызметлер | 197 | 64,2 | 52,7 | 102,1 | 1,2 |
| ижара ҳәм прокат хызметлери | 55 | 124,4 | 103,6 | 105,3 | 2,2 |
| компьютерлерди ҳәм турмыслық товарларды оңлаў хызметлери | 124 | 173,0 | 156,0 | 102,3 | 3,1 |
| басқа жеке хызметлер | 60 | 214,6 | 183,6 | 106,4 | 3,8 |
| архитектура, инженерлик излениўлер, техникалық сынаўлар ҳәм анализ тараўындағы хызметлер | 79 | 107,3 | 73,2 | 109,9 | 1,9 |
| басқа түрдеги хызметлер | 654 | 160,6 | 140,3 | 101,0 | 2,9 |

Хызметлер қурамында ең үлкен үлес транспорт (жәми хызметлердиң 26,0 проценти) ҳәм саўда (23,3 %) хызметлерине туўры келди.

Сондай-ақ, финанслық хызметлер (163,3 процент), архитектура, инженерлик излениўлер, техникалық сынаўлар ҳәм анализ тараўындағы хызметлер (109,9 процент), билимлендириў тараўындағы хызметлер (108,7 процент) өсим пәти жоқары болды.

**2019 жыл январь-декабрьде экономикалық хызмет түрлери бойынша базар хызметлери ислеп шығарыў**




2019 жылдың январь-декабрь айлары даўамында экономикалық хызмет түрлери бойынша көрсетилген хызметлер улыўма көлеминде транспорт хызметлери ең үлкен үлести ийелеген болып, 1450,0 млрд. сўмды қураған, 2018 жылдың тийисли дәўирине (2018 жылда 1292,8 млрд. сўм) салыстырғанда 3,2 процентке өскен, сондай-ақ, көрсетилген хызметлер көлеминде саўда хызметлери – 1303,8 млрд. сўм (2018 жылда – 1127,0 млрд. сўм), финанслық хызметлер – 1003,9 млрд. сўм (2018 жылда - 606,7 млрд. сўм) ҳәм билимлендириў тараўындағы хызметлер - 286,3 млрд. сўм (2018 жылда – 224,2 млрд. сўм) есабына туўры келди.

# X. ТРАНСПОРТ

**Жүк тасыў.** 2019 жыл январь-декабрьде барлық транспорт түрлери тәрепинен 29,6 млн. тонна жүк тасылған болып, бул өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 112,1 пайызды қурады.

Жүк айланбасы барлық транспорт түрлери тәрепинен 628,7 млн. тн.-км.ди қурады ҳәм 107,8 процентке өсти.

**Транспорт түрлери бойынша жүк тасыў ҳәм жүк айланбасы көлеми**

| | *2019 жыл январь-декабрь* | *2018 жыл январь-декабрьге салыстырғанда процент есабында* |
|---|---|---|
| Тасылған жүк, *млн. тн.* | 29,6 | 112,1 |
| *соннан:* | | |
| автомобиль транспортында | 29,6 | 112,1 |
| жүкайланбасы, *млн. тн-км.* | 628,7 | 107,8 |
| *соннан:* | | |
| автомобиль транспортында | 628,7 | 107,8 |

Жеке тәртиптеги исбилерменлердиң автомобиль транспортының жүк айланбасы 2018 жыл январь-декабрьге салыстырғанда 102,6 процентке өсти ҳәм 418,5 млн. тн-км.ди қурады. Жүк айланбасының улыўма көлеминде жеке жүк тасыўшылардың үлеси 88,8 процентти қурады (2018 жылда 90,7 процент).

**Жолаўшы тасыў.** 2019 жыл январь-декабрьде барлық транспорт түрлери тәрепинен 139,3 млн. адам тасылған болып, бул көрсеткиш өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 105,0 процентке өскен. Жолаўшы тасыў айланбасы усы дәўирде 103,3 процентке көбейип, 3871,8 млн. жолаўшы-км.ди қурады.

**Транспорт түрлери бойынша жолаўшы тасыў ҳәм жолаўшы айланбасы**

| | *2019 жыл январь-декабрь* | *2018 жыл январь-декабрьге салыстырғанда процент есабында* |
|---|---|---|
| Транспортта тасылған жолаўшылар, *млн. адам* | 139,3 | 105,0 |
| *соннан:*автомобиль транспортында | 139,3 | 105,0 |
| Жолаўшы айланбасы, *млн. жолаўшы-км.* | 3871,8 | 103,3 |
| *соннан:*автомобиль транспортында | 3871,8 | 103,3 |

Жеке жолаўшы тасыўшылар автомобиль транспортында жолаўшы айланбасы 2018 жылдың январь-декабрине салыстырғанда 103,5 процентке өсти ҳәм 3759,4 млн. жолаўшы-км.ди қурады. Жолаўшы айланбасының улыўма көлеминде жеке жолаўшы тасыўшылардың үлеси 97,1 процентти қурады (2018 жыл январь-декабрьде 96,9 процент).

**Январь-декабрь жағдайына транспорт хызметиниң тийкарғы көрсеткишлери**



# XI. УСАҚЛАП САТЫЎ ТОВАР АЙЛАНЫСЫ

2019 жыл январь-декабрьде усақлап сатыў товар айланысы 5633,4 млрд. сўмды қурады ҳәм өткен жылға салыстырғанда 10,8 процентке өсти.

**Хожалық жүритиўши субъектлердиң мүликшилик формалары бойынша усақлап сатыў товар айланбасы**

| | *млрд. сўм* | *2018жыл январь-декабрьге салыстырғанда процент есабында* | *Жәмине салыстырғанда процент есабында* |
|---|---|---|---|
| **Жәми** | **5633,4** | **110,8** | **100,0** |
| *Соннан мүликшилик формалары бойынша:* | | | |
| мәмлекетлик мүлики | 1,5 | 78,0 | 0,1 |
| мәмлекетлик емес мүлик | 5631,9 | 152,3 | 99,9 |
| *соннан:*пуқаралардың жеке мүлики | 3227,6 | 102,8 | 57,3 |

Саўда кәрханаларының усақлап сатыў айланбасы көлеми 2019 жылдың январь-декабрь айларында 2405,8 млрд. сўмды қурап, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 127,9 процентти қурады.

Жеке тәртиптеги исбилерменликтиң жәми усақлап сатыў көлеми 2019 жылдың январь-декабрь айларында 3227,6 млрд. сўмды қурап, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 2,8 процентке өскен.

**2019 жыл январь-декабрьде усақлап сатыў айланбасы қурамы**

| | *млрд. сўм* | *2018 жыл январь-декабрьге салыстырғанда процент есабында* | *Жәмине салыстыр-ғанда процент есабында* |
|---|---|---|---|
| **Усақлап сатыў товар айланбасы** | **5633,4** | **110,8** | **100,0** |
| *соннан:* | | | |
| саўда кәрханалары | 2405,8 | 127,9 | 42,7 |
| жеке тәртиптеги исбилерменлик | 3227,6 | 102,8 | 57,3 |
| *соннан:* шөлкемлестирилмеген сектор (кәлиплестирилмеген саўда хызмети) | 305,1 | 102,2 | 5,4 |

Улыўма аўқатланыў тараўының товар айланысы 163,4 млрд. сўмға жетти ямаса 2018 жыл январь-декабрьге салыстырғанда 10,8 процентке өсти.

Усақлап сатыў (улыўма аўқатланыў хызметин қосқан ҳалда) халықтың жан басына есаплағанда 9,1 процентке өсти ҳәм 2990,0 мың сўмды қурады (2018 жылдың январь-декабрь айларында 2422,9 мың сўмды қураған).

2019 жылдың январь-декабрь айларында усақлап сатыў товар айланысы 5633,4 млрд. сўмды қурады ҳәм өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 10,8 процентке өсти. Соннан, ири кәрханалардың товар айланысы 696,7 млрд. сўмды (өсим пәти 122,8 %), киши исбилерменлик субъектлериниң товар айланысы 4936,7 млрд. сўмды (өсим пәти 109,3 %), соннан бирлеспеген саўда товар айланысы 305,1 млрд. сўмды (өсим пәти 102,2 %) қурайды.

**Январь-декабрь айларында усақлап сатыў товар айланбасы көлеми,** *(млрд. сўм)*




2018 жылдың январь-декабрине салыстырғанда республиканың барлық аймақларында усақлап сатыў товар айланысының өсим пәти көрсетилген, жоқары өсим пәтлери Нөкис қаласы (өсим пәти 112,8 %), Қоңырат (117,2), Шымбай (116,1), Хожели (110,4) ҳәм Шоманай (109,8%) районларында көрсетилген.

**Усақлап сатыў товар айланысының өсим пәти,** *(% те)*




Усақлап сатыў товар айланысы көлеминде үлкен үлеске ийе болған Нөкис қаласы (республика бойынша жәми товар айланысы көлеминдеги үлеси 30,2%), Беруний (9,5 %), Хожели (9,5 %), Төрткүл (9,0 %) ҳәм Қоңырат (7,0 %) районлары усақлап сатыў товар айланбасының өсиўине салмақлы тәсирин көрсетди.

Усақлап сатыў товар айланысы қурамында ири кәрханалардың товар айланысы көлеми өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 22,8 процентке өсти ҳәм 696,7 млрд. сўмды қурайды. Бул улыўма саўда көлеминиң 12,4 % үлесине туўры келеди.

Киши исбилерменлик субъектлариниң усақлап сатыў товар айланысы көлеми статистикалық есап-китапларға көре, 4936,7 млрд. сўмды қурап, 2018 жылдың январь-декабрь айларына салыстырғанда 9,3 процентке өсти. Республика көлеминде усы сектордың жәми усақлап сатыў товар айланысындағы үлеси 87,6 процентке тең келмекте.

**Усақлап сатыў товар айланысы қурамы,**
*(жәмине салыстырғанда процент есабында)*




**Усақлап саўда айланбасында ири кәрханалар хәм киши исбилерменликтиң үлеси, (%)**



**Киши исбилерменлик ҳәм ири кәрханалардың усақлап сатыў товар айланысындағы көлеми**

| | ири кәрханалар (млрд.сўм) | өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда, % те | киши исбилерменлик (млрд.сўм) | өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда, % те |
|---|---|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **696,7** | **122,8** | **4 936,7** | **109,3** |
| Нөкис қ. | 526,5 | 136,3 | 1 172,2 | 104,7 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 20,9 | 82,9 | 364,9 | 109,1 |
| Беруний | 12,5 | 90,6 | 523,2 | 108,6 |
| Қанлыкөл | 0,3 | 130,7 | 145,2 | 107,9 |
| Қараөзек | 0,8 | 62,2 | 186,1 | 108,3 |
| Кегейли | 0,7 | 87,3 | 140,0 | 106,0 |
| Қоңырат | 16,4 | 139,4 | 380,3 | 116,4 |
| Мойнақ | 0,7 | 82,1 | 40,2 | 110,0 |
| Нөкис | 0,6 | 84,1 | 101,8 | 107,6 |
| Тақыятас | 25,1 | 85,4 | 109,1 | 120,0 |
| Тахтакөпир | 1,7 | 164,9 | 147,6 | 108,9 |
| Төрткүл | 51,9 | 82,4 | 453,3 | 113,7 |
| Хожели | 12,1 | 113,8 | 524,2 | 110,4 |
| Шымбай | 19,6 | 115,6 | 209,9 | 116,2 |
| Шоманай | 0,9 | 90,4 | 123,3 | 110,0 |
| Елликқала | 6,0 | 136,4 | 315,4 | 107,6 |

2019 жыл январь-декабрь айларында усақлап сатыў товар айланысында киши исбилерменлик субъектлериниң үлеси бойынша Қанлыкөл (99,8 %), Қараөзек (99,6 %), Кегейли (99,5 %), Нөкис (99,4 %) ҳәм Шоманай (99,2 %) районларында жоқары дәрежеде болды.

Усақлап сатыў товар айланыасы қурамында ири кәрханалардың үлеси 12,4 проценти қурап, ири кәрханалардың ең үлкен үлеси Нөкис қаласында (31,0 %), Тақыятас (18,7 %) ҳәм Төрткүл (10,3 %) районларында ушырасады.

# XII. ДЕМОГРАФИЯ ҲӘМ БӘНТЛИК

**Турақлы халық саны[1)]**

*(2020 жылдың 1 январь жағдайына, мың адам)*

| | Жәми халық саны | соннан: | |
|---|---|---|---|
| | | қала халқы | аўыл халқы |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **1 898,3** | **930,5** | **967,8** |
| Нөкис қ. | 319,8 | 319,8 | - |
| *районлар:* | | | |
| Әмиўдәрья | 199,1 | 51,9 | 147,2 |
| Беруний | 191,4 | 67,9 | 123,5 |
| Қанлыкөл | 51,0 | 12,6 | 38,4 |
| Қараөзек | 52,7 | 16,0 | 36,7 |
| Кегейли | 90,0 | 34,4 | 55,6 |
| Қоңырат | 129,9 | 81,9 | 48,0 |
| Мойнақ | 31,8 | 13,9 | 17,9 |
| Нөкис | 50,2 | 10,4 | 39,8 |
| Тақыятас | 73,8 | 52,9 | 20,9 |
| Тахтакөпир | 40,2 | 16,9 | 23,3 |
| Төрткүл | 214,2 | 81,8 | 132,4 |
| Хожели | 122,7 | 78,6 | 44,1 |
| Шымбай | 116,3 | 57,3 | 59,0 |
| Шоманай | 56,1 | 14,7 | 41,4 |
| Елликқала | 159,1 | 19,5 | 139,6 |

Дәслепки мағлыўматлар бойынша, 2020 жылдың 1 январь жағдайына республика турақлы халқының саны 1898,3 мың адамды қурады ҳәм жыл басынан 28,5 мың адамға ямаса 101,5 проценке өсти. 2019 жыл январь-декабрьде миграция сальдосы, дәслепки мағлыўматлар бойынша -4217 адамды қурады.

---

[1)]*дәслепки мағлыўмат*

**2019 жылдың январь-декабрь айларында халықтың тәбийий ҳәрекети**

| | адам | | | ҳәр 1000 адамға | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2018ж. | 2019ж.[1)] | өсиўи, азайыўы | 2018ж. | 2019ж.[1)] |
| Туўылғанлар | 40 108 | 41271 | 1163 | 21,6 | 21,9 |
| Өлгенлер | 8 602 | 8 507 | -95 | 4,6 | 4,5 |
| *соннан*: бир жасқа шекемги балалар | 554 | 448 | -106 | 14,3 | 11,0 |
| Тәбийий өсим | 31 506 | 32 764 | 1258 | 17,0 | 17,4 |
| Дүзилген некелер | 14 450 | 14 259 | -191 | 7,8 | 7,6 |
| Некеден ажырасыўлар | 1 344 | 1 243 | -101 | 0,7 | 0,7 |

**Туўылыў дәрежеси.** 2019 жыл январь-декабрьде туўылғанлар саны 41271 адамды қурады ҳәм 2018 жылдың усы дәўирине (40108 адам) салыстырғанда 1163 адамға көп ямаса 2,9 процентке көп. Туўылыў коэффициенти тийисли түрде 21,9 промиллени қурады ҳәм 2018 жылдың усы дәўирине (21,6 промилле) салыстырғанда 0,3 промиллеге өсти.

Туўылыў дәрежесиниң өсиўи республиканың дерлик барлық аймақларында гүзетилди. Бул көрсеткиштиң жоқары дәрежеси Кегейли (18,3 ден 20,8 промиллеге), Қанлыкөл (20,3 ден 22,1 промиллеге), Мойнақ (19,7 дан 21,2 ке) ҳәм Нөкис (23,2 ден 24,3) районларында гүзетилди.

**Өлим дәрежеси.** 2019 жылдың январь-декабринде өлгенлер саны 8507 адамды қурады ҳәм 2018 жылдың усы дәўирине (8602 адам) салыстырғанда 95 адамға ямаса 1,1 процентке кемейди. Тийисли түрде өлим коэффициенти 4,5 промиллени қурады (2018 жыл январь-декабрьде - 4,6 промилле).

Өлгенлер санының кемейиўи Қараөзек (5,3 ден 4,2 промиллеге), Нөкис районында (6,1 ден 5,4 ге) ҳәм Тахтакөпир (5,1 ден 4,4 промиллеге) районларында гүзетилди. Ең көп өлим жағдайлары Кегейлиде (5,7 промилле) ең кем өлим жағдайлары Елликқала (3,8 промилле) районында гүзетилди.

---

[1)] *дәслепки мағлыўмат*

## Халықтың тәбийий ҳәрекети коэффициентлери

*(январь-декабрь айларында)*

*(1000 халық санына)*

| | *Туўылғанлар* | | *Өлгенлер* | | *Халықтың тәбийий өсиўи* | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | *2018ж.* | *2019ж.*[1)] | *2018ж.* | *2019ж.*[1)] | *2018ж.* | *2019ж.*[1)] |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **21,6** | **21,9** | **4,6** | **4,5** | **17,0** | **17,4** |
| Нөкис қ. | 18,1 | 18,9 | 4,4 | 4,4 | 13,7 | 14,5 |
| *районлар:* | | | | | | |
| Әмиўдәрья | 24,6 | 25,5 | 4,5 | 4,4 | 20,1 | 21,1 |
| Беруний | 25,6 | 25,8 | 4,6 | 4,7 | 21,0 | 21,1 |
| Қанлыкөл | 20,3 | 22,1 | 4,6 | 4,4 | 15,7 | 17,7 |
| Қараөзек | 19,6 | 17,8 | 5,3 | 4,2 | 14,3 | 13,6 |
| Кегейли | 18,3 | 19,5 | 5,2 | 5,3 | 13,1 | 14,2 |
| Қоңырат | 20,1 | 21,1 | 5,2 | 4,6 | 14,9 | 16,5 |
| Мойнақ | 19,7 | 21,2 | 5,1 | 4,8 | 14,6 | 16,4 |
| Нөкис | 23,2 | 24,3 | 6,1 | 5,4 | 17,1 | 18,9 |
| Тақыятас | 19,2 | 20,0 | 4,9 | 5,0 | 14,3 | 15,0 |
| Тахтакөпир | 18,7 | 17,7 | 5,1 | 4,4 | 13,6 | 13,3 |
| Төрткүл | 23,3 | 23,0 | 4,4 | 4,4 | 18,9 | 18,6 |
| Хожели | 20,5 | 20,9 | 4,7 | 4,6 | 15,8 | 16,3 |
| Шымбай | 22,8 | 21,1 | 4,9 | 4,5 | 17,9 | 16,6 |
| Шоманай | 17,1 | 17,6 | 3,6 | 4,3 | 13,5 | 13,3 |
| Елликқала | 25,6 | 24,8 | 3,9 | 3,8 | 21,7 | 21,0 |

[1)] *дәслепки мағлыўмат*

**2019 жыл январь-декабрьде өлим себеплери бойынша өлгенлер саны**

*(жәмине салыстырғанда процент есабында)*




Дәслепки мағлыўматлар бойынша, 2019 жылдың январь-декабринде бир жасқа толмаған 448 балалар өлими гүзетилди. Балалар өлими коэффициенти 11,0 промиллени қурады (2018 жылдың тийисли дәўиринде 14,3 промилле).

**2019 жыл январь-декабрьде өлим себеплери бойынша бир жасқа шекемги өлген балалар саны**

*(жәмине салыстырғанда процент есабында)*



**Неке дүзиў ҳәм некеден ажырасыўлар.** 2019 жыл январь-декабрьде ПҲАЖ органларында 14259 неке ҳәм 1243 ажырасыўлар дизимге алынды. Мың халық санына салыстырғанда 7,6 неке (2018 жылдың тийисли дәўиринде – 7,8) ҳәм 0,7 ажырасыўлар (2018 жылдың тийисли дәўиринде – 0,7) туўры келди.

**Миграция[1].** Дәслепки мағлыўматлар бойынша, 2019 жылдың январь-декабрь айларында республика бойынша көшип келгенлер саны 10003 адамды, усы дәўирде көшип кеткенлер саны болса 14220 адамды қурады. Миграция қалдығы минус 4217 адамға (2018 жылдың усы дәўиринде – минус 4045 адам) тең болды. Ең көп минус қалдықлар Шымбай районы (минус 869), Қоңырат (минус 535) ҳәм Хожели (минус 471) районларында гүзетилди.

**Дүзилген некелер ҳәм ажырасыўлар саны**
*(январь-декабрь айларында, бирлик)*

| | *Дүзилген некелер* | | *Некеден ажырасыўлар* | |
|---|---|---|---|---|
| | *2018 ж.* | *2019 ж.[2)]* | *2018 ж.* | *2019 ж.[2)]* |
| **Қарақалпақстан Республикасы** | 14 450 | 14 259 | 1 344 | 1 243 |
| Нөкис қ. | 2 143 | 2 520 | 331 | 310 |
| *районлар:* | | | | |
| Әмиўдәрья | 1 712 | 1 712 | 106 | 109 |
| Беруний | 1 849 | 1 584 | 142 | 96 |
| Қанлыкөл | 324 | 353 | 33 | 38 |
| Қараөзек | 325 | 327 | 23 | 24 |
| Кегейли | 570 | 564 | 52 | 52 |
| Қоңырат | 880 | 901 | 108 | 100 |
| Мойнақ | 175 | 180 | 23 | 24 |
| Нөкис | 409 | 426 | 34 | 30 |
| Тақыятас | 472 | 445 | 69 | 59 |
| Тахтакөпир | 300 | 272 | 15 | 22 |
| Төрткүл | 1 758 | 1 758 | 105 | 104 |
| Хожели | 947 | 801 | 110 | 85 |
| Шымбай | 905 | 765 | 72 | 77 |
| Шоманай | 307 | 337 | 33 | 29 |
| Елликқала | 1 374 | 1 314 | 88 | 84 |

[1] *қала ҳәм районлар ҳәмде аймақлараралық ишки миграцияны қосқан ҳалда*
[2)] *дәслепки мағлыўмат*

**2019 жыл январь-декабрьде халықтың тәбийий ҳәрекети**

*ҳәр 1000 адамға*




**Орташа айлық ис-ҳақы.** 2019 жылдың январь-декабрь айларында Қарақалпақстан Республикасында орташа айлық номинал есапланған ис-ҳақы 2172,8 мың сўмды қурады.

Бунда ис-ҳақы үстеме, сийлықлаў, хошаметлеў түриндеги төлеўлер, компенсация ҳәм исленбеген ўақыт ушын ҳақ төлеўлер киритилген, сондай-ақ оның қурамында физикалық тәреплер дәрамат салығы, социаллық суғурта ҳәм кәсиплик аўқамына төлемлер ҳәм бар.

2019 жылдың январь-декабрь айларында Қарақалпақстан Республикасында орташа айлық ис-ҳақының ең жоқары муғдары Нөкис қаласында 2733,2 мың сўм, республикадағы орташа айлық ис-ҳақына салыстырғанда 125,8 процент ҳәм Қоңырат районында 2421,1 мың сўм (111,4 процент).

**2019 жылдың январь-декабрь айлары ушын орташа номинал есапланған ис-ҳақы**

*(аўыл хожалығы ҳәм киши исбилерменлик субъектлеринен басқа)*

*мың сўм*

| | *декабрь* | *январь-декабрь* |
|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **2709,4** | **2172,8** |
| Нөкис қ. | 3461,5 | 2733,2 |
| *районлар:* | | |
| Әмиўдәрья | 2004,3 | 1687,6 |
| Беруний | 1994,2 | 1687,8 |
| Қанлыкөл | 2987,6 | 2000,6 |
| Қараөзек | 1868,6 | 1641,9 |
| Кегейли | 2368,8 | 1888,2 |
| Қоңырат | 2942,5 | 2421,1 |
| Мойнақ | 2570,4 | 2109,6 |
| Нөкис | 2230,4 | 1866,9 |
| Тақыятас | 2857,3 | 2074,1 |
| Тахтакөпир | 2058,6 | 1791,5 |
| Төрткүл | 2177,0 | 1814,3 |
| Хожели | 2552,8 | 1951,0 |
| Шымбай | 2011,8 | 1763,2 |
| Шоманай | 2090,3 | 1703,1 |
| Елликқала | 2220,0 | 1832,1 |

Қарақалпақстан Республикасында орташа ис ҳақының ең кем муғдары Қараөзек районы (1641,9 мың сўм) республикадағы орташа айлық ис-ҳақына салыстырғанда 75,6 процент, ҳәм Әмиўдәрья районында 1687,6 (77,7) қураған.